Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

# Menak Purwakanda 2

R. Ng. Yasadipura I

PERPUSTAKAAN
DIREKTORAT
JENDERAL
KEBUDAYAAN
JAKARTA

ektorat
ayaan

partemen Pendidikan dan Kebudayaan

# MENAK PURWAKANDA
# 2

| | |
|---|---|
| TA[illegible] | [illegible] |
| 18 NOV 1984 | 1346 |

PPS/Jw/4a/81

Milik Dep. P dan K
Tidak diperdagangkan

# MENAK PURWAKANDA 2

Oleh
R. Ng. YASADIPURA I

Alih Aksara dan Alih Bahasa
WIRASMI ABIMANYU

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1982

Diterbitkan kembali seizin PN Balai Pustaka
BP No. 1158a
Hak pengarang dilindungi undang-undang

# KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

*Wewenangipun ingkang ngarang kaayoman miturut Angger ingkang kapacak ing Setatseblad 1912 No. 600*

Tetedhakan saking buku seratan tangan ingkang sumimpen wonten ing Kon. Bat. Gen. v.K, en W.

## ISINIPUN


| | | |
|---|---|---|
| XIX | Badhe Madosi Murcanipun Wong Agung ..... | 9 |
| XX | Dewi Kadarwati Madosi Wong Agung ..... | 18 |
| XXI | Raja Gumiwang Prang Tandhing Kaliyan Raden Kodrat Samadikun ..... | 24 |
| XXII | Wong Agung Kapanggih Wonten ing Guwa ..... | 30 |
| XXIII | Ratu ing Purwakandha Pados Sraya ..... | 36 |
| XXIV | Raden Asimkatamsi Tuwin Raden Arismunandar | 45 |
| XXV | Ratu ing Kosarsah Tutulung Dhateng Purwakandha ..... | 50 |
| XXVI | Ngrembag Gelaring Prang ..... | 59 |
| XXVII | Prang Tandhing ..... | 63 |
| XXVIII | Wong Agung Sabalanipun Kenging Kemat ..... | 72 |
| XXIX | Raden Pirngadi Mangsah Prang ..... | 79 |
| XXX | Prang Brubuh ..... | 83 |
| XXXI | Prabu Tasangsulngalam Ketaton ..... | 89 |
| XXXII | Dewi Isnaningsih Tutulung Prang ..... | 94 |
| XXXIII | Kematipun Patih Buwawas Sampun Ngabar ..... | 107 |
| XXXIV | Patih Jedhi Nungkul Dhateng Wong Agung ..... | 114 |
| XXXV | Prabu Kasrukum Pados Sraya ..... | 123 |

## XIX. BADHE MADOSI MURCANIPUṆ WONG AGUNG

ASMARADANA

1. Sanga Prabu Samasrawi,
tatanya mring Patih Bestak,
sapa kang duwe panggawe,
dene anulaking kemat,
reh boting bisa mapas,
kya Patih Bestak wotsantun,
kawula miyarsa warta.

2. Raja Putri Parangakik,
ibune Raden Jayusman,
ing wingi inggih praptane,
tan liyan saking punika,
putri saijab-ijab,
prawiranira pinunjul,
moncol ing jagat wiryawan.

3. Nambungi kya Patih Jedhi,
ki Raka sira miyarsa,
ana prakara prang dhewe,
rame aprang padha kadang,
sumaur Patih Bestak,
inggih wonten pitung dalu,
denira prang dhedhewekan.

4. Tanya Prabu Samasrawi,
apa ingkang dadi purwa,
tumambuh ing pitakone,
lan Patih paran wartanya,
putrane Sri Bathara,

kang anom Raden Semakun,
inggate milu ing sapa.

5. Patih Bestak awotsari,
sami putu kapenakan,
Atasaji kang ingilon,
kang binucal aneng wana,
inggih kang tinulungan,
Retna Sudarawretiku,
Atasaji unggul ing prang.

6. Kaolaranu ngemasi,
dening Kusuma Sudara,
den du kumba lan ibune,
sumyur kunarpane ilang,
angling Prabu Nusirwan,
nggih punika Anak Prabu,
nadyan putu nadyan anak.

7. Jer sampun nyawa pribadi,
wus sami badan binadan,
darbe kajat dhewe-dhewe,
pun Semakun mila kesah,
remen kapencut mulat,
inggih dhateng putrinipun,
Anak Prabu ing Gumiwang.

8. Kang nama Dewi Rukanti,
amothah dhateng pun bapa,
tumunten kawula bekes,
mbesuk yen wis pagaweyan,
ywa sira naru karya,
punika sakmanahipun,
nunten kesah asesanjan.

9. Mring sadulurane nenggih,
kala wonten ing Yujana,
Raja Putra Kaharkusmen,
punika sagah ngenakna,
dhateng Putri Gumiwang,

Dewi Rukanti puniku,
pinanggih mangsa luputa.

10. Nanging ngumpule mariki,
mbenjing putri ing Gumiwang,
mangsa wandeya binoyong,
milane puniku kesah,
pun Kaharkusmen sagah,
marma kesah pun Semakun,
lepas saking astaningwang.

11. Angling Prabu Samasrawi,
mulane nora metu prang,
wong Ngarab lagyewuh dhewe,
lah iya teka mengena,
aja na metu ing prang,
yen wong Ngarab nora metu,
kuneng gantya winursita.

12. Pasanggrahan Ngarab sami,
kang lagya oneng-onengan,
Marpinjun lara tangise,
anjrit sasambat Sang Retna,
marang Retna Sudara,
tega temen ariningsun,
ing kene wong nemu susah.

13. Kaya matia tumuli,
yen aja sira praptaa,
sun nuli mati sek bae,
pasthi tan nganggo sakarat,
saking ruweding manah,
duk lagya onengan wuwus,
kang prapta jog tanpa sangkan.

14. Retna Sirtupelaeli,
dupi myarsa angkatira,
ingkang raka sabalane,

remben kang miyos ing dharat,
Sri Narendra Karsinah,
ing lampah datan winuwus,
wau kang oneng-onengan.

15. Lawan para maru sami,
nulya baris dharat prapta,
pianjur Raja Kalbujer,
wadya Parangakik samya,
kadya ladhu lalampah,
anglir prawata katunu,
wus tata samya met papan.

16. Sigra Prabu Rustamaji,
methuk praptane kang raka,
tundhuk manembah Sang Katong,
rinangkul marang kang raka,
ewuh kang myarsakna,
manawa dereng sumurup,
lampahe kang para garwa.

17. Marpinjun Putri Medayin,
anom kari dadi tuwa,
Sudarawreti kang gawe,
pineksa kinarya tuwa,
dene ingkang sarira,
kang mangka panenggakipun,
Putri Karsinah panengah.

18. Putri Kuwari wuragil,
ing mangke wonten kang anyar,
Putri Burudangin kinaot,
kadange Tasangsulngalam,
ratu agung prakosa,
sinembah samaning ratu,
putri prawira digdaya.

19. Nama Dewi Isnaningsih,

mandraguna tur prakosa,
Retna Sudara rembuge,
dadia ing wurinira,
Raja Putri Karsinah,
ngenggenana ngarsanipun,
Putri Kuwari punika.

20. Dadya maragili malih,
sandika nurut kewala,
Sudarawreti pakone,
datan garantes samendhang,
mbangun turut kewala,
mangkana malih kang rawuh,
balane Pangeran Kelan.

21. Panganjur Rajeng Kubarsi,
Maliyatkustur prakosa,
lan Wrahatkustur ipene,
dening Jeng Pangeran Kelan,
satriya Balaraja,
Prabu Rustamaji methuk,
marang kang rayi ing Kelan.

22. Lajeng pamethuke malih,
kang rama Rajeng Karsinah,
tundhuk manembah Sang Katong,
balane kadya samodra,
wus samya masanggrahan,
mubeng pra samya angujung,
mring para ibu sadaya.

23. Ki Umarmaya gya prapti,
lampahe nalisik praja,
miwah jro pura Sang Katong,
Mutadarawi tan ana,
mbok gunane kang nyidra,
nanging kaselak angrungu,
ing wuri ana rusuhan.

24. Myarsa bune Atasaji,
kinebon wana lan putra,
kathah nglabuhi tresnane,
mring Atasaji keh welas,
saguning raja putra,
mring Atasaji sumujud,
Marmaya adherakalan.

25. Wangsule prapta wus panggih,
gegedhuging para putra,
tambaking prang prapta kabeh,
Umarmaya sru karuna,
kumarubut kang nembah,
para putra para ratu,
ingkang sami anyar prapta.

26. Mangkya ndadosaken pikir,
pra ratu kang kasarira,
wus umanjing pakuwon jro,
kerid Arya Parangteja,
gunem samya ngupaya,
Wong Agung kang musneng dalu,
pangarsane gunem samya.

27. Raja Putri Parangakik,
glar putra myang para raja,
Retna Sudara tanya lon,
kabeh tan ana supena,
miwah ing panggraita,
mboten wonten aturipun,
Sang Putri malih ngandika.

28. Kang Dipati Guritwesi,
yayi mas ing Parangteja,
kaya paran ing jro tyase,
maras banget miwah ora,
pan ilang payujana,

maras endi pangrasamu,
kakang emas yayi emas.

29. Arya Maktal awotsari,
amba maras payujana,
punika eca kemawon
Umarmaya nambung sabda,
iya padha lan ingwang,
Sudarawreti gumuyu,
yeku nujum kang santosa.

30. Pan ati kekembanging sih,
ki esih iku kang murwa,
iya sakehing panggawe,
mulane dadi ngalamat,
ing tyas puniku ingkang,
parek lan sasmitanipun,
sasmita parek lan suksma.

31. Suksma kang asimpen urip,
urip kang mimbuhi jagat,
mangkono bae pan ingong,
lamun tyas ayem kewala,
sumuk dadi ngalamat,
nanging aja na kawetu,
lamun kawetua gempal.

32. Lamun ing tyas iku gempil,
angrongehaken prakara,
yen wong iku pikir rongeh,
sasmita kembanging rusak,
ilanging nama sipat,
renggang lawan edatipun,
yekti kuwur tunda bema.

33. Kena tinuntun ing eblis,
waspadane kawoworan,
derajat kang wus tumempel,

sayektine gerah uyang,
kudu ilang kewala,
yen ana wong grigah-griguh,
ing pikir muriding setan.

34. Yeku kawruhana yayi,
yen enak ing driyanira,
ujer sira kekenyare,
luwih saking para kadang,
lamun bakala tiwas,
yekti sira nora kantun,
binedhol ing malaekat.

35. Nadyan kari bakal mati,
sayekti ika semaya,
angenteni kekenyare,
Wong Agung ing Parangteja,
lamun iku praptaa,
teka esuk sore lampus,
Pangeran Surayengjagat.

36. Gumer kang samya miyarsi,
ilang labeting sungkawa,
anggagampil prihatine,
para putra para raja,
myarsa kang pangandika,
iku yayi karsaningsun,
sun ubres sajroning wana.

37. Jer Ratu Mutadarawi,
duwe bala buron wana,
yekti sun gempur alase,
iya kalawan paekan,
malah mandar sudaa,
iya bobote kang mungsuh,
sempala baune kiwa.

38. Rungake bala puniki,

sekti Ratu Purwakandha,
abala buron alase,
kasembuh gustine sirna,
tyase sangsaya ilang,
mulane padha sun dulu,
aclum-aclum para nata.

39. Duk aprang neng Malebari,
iba keh awrating mengsah,
parandene tan mangkene,
ngenese prajuritira,
yayi mas Parangteja,
dupeh mungsuh bala manuk,
lawan bala buron wana.

40. Yen pikir wruh kang murbeng sih,
apa gaweku dutaa,
bisa angucap gununge,
ingsun yayi nora eram,
iki ta karsaningwang,
Kadarwati Ni mbok mantu,
sun bage gawe ta sira.

41. Karana ta sira Nini,
garwane putra simpenan,
anakingsun pamer dhewe,
musthikeng Putra Kuparman,
prawira pramudita,
yen darbeya putra cubluk,
tan dadi kanthi ngayuda.

## XX. DEWI KADARWATI MADOSI WONG AGUNG

KINANTHI

1. Sayektine sira mesum,
   jalebut kurang terasi,
   akemba rasene anfa,
   putrine Rajeng Kubarsi,
   Ratu Agung prawireng prang,
   putrine Ni Kadarwati.

2. Petheking wong yekti patut,
   dadia kondhanging jurit,
   ayune dadi sembada,
   dhasar garwaning prajurit,
   putra pamer prawireng prang,
   lancure wong Puserbumi.

3. Golekana wong tuwamu,
   babo Nini Kadarwati,
   dhuh sira ngusadanana,
   susahe wong Puserbumi,
   ubeken Nini ywa liya,
   alas ingkang katon iki.

4. Sakidul wetan praja gung,
   kutha ing Mutadarawi,
   anggone buron kang kaprentah,
   mring si Raja Samasrawi,
   kalawan manuke ika,
   ngidhep ing ratune sami.

5. Duk ingsun aneng dalanggung,

lan sira margeng wiyati,
alas iku katingalan,
ana tejane awening,
pantese kang duwe teja,
iya kalengkaning bumi.

6. Lupute kono nggonipun,
wong tuwamu Kadarwati,
sayekti enggone baya,
gurune si Samasrawi,
kang muruk idhepe iya,
buron alas lawan peksi.

7. Lah kakang andika jangkung,
lakune Ni Kadarwati,
yeku kakang mantu dika,
satindak saha maryogi,
maksih rare sutanira,
kaselak prawireng jurit.

8. Wewekane dereng putus,
nanging tyas kadi tan watir,
kena lamun tingalana,
si Kadarwati yen jurit,
pangarepe wus tetela,
pedhes ambandakalani.

9. Kadarwati nembah nuwun,
sandika dhateng ing pati,
nglampahi tedah paduka,
ngupadosi ngosak-asik,
dhasar Gusti wong atuwa,
pundi nggene kapanggih.

10. Ngandika malih Sang Ayu,
heh Yayi Raja Jaswadi,
tut wurinen mantunira,
ewuh aya ngong ajurit,

tur sembah Rajeng Suwangsa,
sandika ing silang latri.

11. Umarmaya gya macucu,
mele-mele amundelik,
lah iki majas wakingwang,
gelem nauri samangkin,
ing mau durung pitaya,
yen durung kenthi si adhi.

12. Ing Suwangsa yayi Prabu,
sanajan aja si adhi,
munga jin ala kewala,
bekel namane pak Dulil,
gurune Saptiunasar,
wus tega rasaning ati.

13. Gumer kang samya angrungu,
tumungkul Sang Rajeng Drenis,
sangsaya suka sadaya,
umiyat Sang Nateng Drenis,
tumungkul mesem tur sembah,
mring Dipati Guritwesi.

14. Wus amit katiganipun,
Umarmaya tan kaeksi,
ngagem totopong Suleman,
akanthi Raja Jaswadi,
mung Kadarwati ngatingal,
nanging anapak wiyati.

15. Ngandika malih Sang Ayu,
yayi Prabu Burudangin,
saosa prajuritira,
saleksa bae ywa luwih,
kang padha anunggang macan,
tur sembah Sri Narapati.

16. Gya nuduh Ratu pangayun,
Sang Raja Miswel Kanardis,
ngirid prajurit saleksa,
ngandika malih Sang Dewi,
heh ta para Raja Putra,
papat saosa pun tuding.

17. Ya si Kodrat Samadikun,
kalawan sira Dukyanis,
si Kaharkusmen kalawan,
Samardikaran sireki,
saosa kuda paprangan,
anyaleksa aja luwih.

18. La sira yayi Semakun,
wus nunggal agameng ngriki,
ingsun wehi pagawean,
Retna Marpinjun nambungi,
Semakun den becik sira,
piniji ing yayi Dewi.

19. Tur sembah Raden Semakun,
sandika dhateng ing pati,
yayi nora cara aprang,
sandiya buburu yayi,
putunira ampingana,
kaki Putra Atasaji.

20. Iku sun tuduh buburu,
batine amangun jurit,
nanging den samar ing tingkah,
den kaya buburu yekti,
padha dadi kawal sira,
lakune si Kadarwati.

21. Kang dadi bareping laku,
wonge yayi Burudangin,
kang padha anunggang macan,

si Raja Miswel Kanradis,
sendika tengara budhal,
wurahan kang lampah sandi.

22. Umiring putra buburu,
sira Raden Atasaji,
anggepuk alas larangan,
nira Prabu Samasrawi,
wana iku nggoning kemat,
sulaping Mutadarawi.

23. Wau ta ingkang rumuhun,
prapta Dewi Kadarwati,
aniyup saking gagana,
tepining wana wus prapti,
gununge alit pan kathah,
lor kidul pating talening.

24. Pojoke ler kilenipun,
iya ing Munada wukir,
guwane ingkang kanggenan,
Wong Agung Surayengbumi,
lamine tan ana wikan,
nalika Ki Seh Waridin.

25. Piningid dening Hyang Agung,
tapa neng Munada wukir,
alas iku jinaganan,
mantri salawe pan ganti,
jinujugi ing para putra,
wana kang winancak suci.

26. Sinungan wisma gung agung,
tinengga nyapuluh mantri,
rumeksa isining wana,
kang samya njuru nguceni,
mangkana rembag wus dadya,
mateng denira prajangji.

27. Baris dharat baris luhur,
kakangsen tempuh ing jurit,
kang alembut kang akasap,
wus samya awor ing pikir,
Raja Miswel saha bala,
kang para putra neng wuri.

## XXI. RAJA GUMIWANG PRANG TANDHING KALIYAN RADEN KODRAT SAMADIKUN

PANGKUR

1. Kagyat mantri juru wana,
   aningali baris ageng den iring,
   kadi satriya buburu,
   pangarsane sadaya,
   nitih macan Raja Miswel munggeng ngayun,
   asru denira angucap,
   bukanen lawangira glis.

2. Mantri bumi atatanya,
   sapa akon ambuka lawang kori,
   Sang Raja Miswel sumaur,
   pan iya Gustiningwang,
   Sultan Anom Rustamaji kang susunu,
   acangkrama bereg wana,
   parab Raden Atasaji.

3. Mantri bumi angling sugal,
   tambung laku pan mungsuh sira iki,
   pan iki larangan agung,
   enggoning kabuyutan,
   Ratu Purwakandha pan turun tumurun,
   yen sira nggawa kuwasa,
   ndi layange Gusti mami.

4. Sang Raja Matari Akbar,
   yen nora na layange nora wani,
   menganana lawang iku,
   lan iku nama mengsah,
   durung nungkul iya marang ratuningsun,

Raja Miswel sigra ngatag,
pangarsa ratu prajurit.

5. Anubruk macane samya,
angalethak mantri papat wus keni,
kang kari giris andulu,
lumayu mring jro kitha,
nedya atur uninga mring ratunipun,
wonten mantri ngungak-ungak,
weruha solahireki.

6. Korine sampun binubrah,
alas iku burone samya gilir,
ing saben dina rongatus,
ingkang jagi jro kitha,
sato wana miwah ingkang buron manuk,
mangkana manjing jro wana,
Sang Raja Miswel Kanardis.

7. Ing wuri kang para putra,
angawaki bala kang munggeng wuri,
Raden Kodrat Samadikun,
Raden Samardikaran,
Raden Kaharkusmen lan Dikyanis ngayun,
angregep kapraboning prang,
sagung para raja siwi.

8. Sapraptane jroning wana,
surak-surak sagung bala Kanardis,
lan balane para sunu,
gumuruh lir ampuhan,
Kadarwati mengakaken cupunipun,
gumrubyug kang buron wana,
prahara ingkang angirid.

9. Aja kaliru ing tampa,
kang miyarsa pagene Kadarwati,
teka maksih sektinipun,

dene wus manjing Islam,
yekti ilang benere sikire iku,
dene maksih sektinira,
Retna Dewi Kadarwati.

10. Pan iku sarta tinedha,
wusnya nandhang iman Ni Kadarwati,
anenedha ing Hyang Agung,
kasektene maksiha,
kadi saben anenem panedhanipun,
Hyang Suksma asipat rahman,
paring pamintaning dasih.

11. Ingkang temen tinurutan,
nanging salin tan ingaranan sikir,
pan mangunah namanipun,
yen Waliya keramat,
lamun Nabi pan mukjijat namanipun,
yen kapir sikir istijrat,
wau Dewi Kadarwati.

12. Mangunahira andadra,
tan akendhat pamintaning Hyang Widhi,
kang manjing sajroning cupu,
nenggih isining alas,
andaledeg sarta reh pracondha lesus,
marani buron alas,
sira Prabu Samasrawi.

13. Iku Marmaya amawas,
bedhil kaca wismane wus kabesmi,
arame kang buron nempuh,
sulapira mangunah,
ingkang sami andaka tubruk-tinubruk,
kang dipangga pupuletan,
swarane anggigirisi.

14. Raja Jaswadi amasang,

panah geni kabakar kang wanadri,
kang aprang pating garubyug,
bubujung buron wana,
eca dulu Kadarwati yudanipun,
katrima mangunahira,
wana myang sato kabesmi.

15. Wau mantri juru wana,
pelayune prapteng ngarsaning Gusti,
wus katur yen wananipun,
kembah satriya mengsah,
Raka Putra Atasaji ambuburu,
ingampah duka kalintang,
satemah wana kabesmi.

16. Wonten sakethi turangga,
pangajenge saleksa winitawis,
kang macan titihanipun,
Sang Nata sru bramatya,
sigra nuduh Samasrawi Sanga Prabu
kang rayi Rajeng Gumiwang,
lawan Kyana Patih Jedhi.

17. Rampasana cekelana,
putra Arab nerak larangan mami,
mangrusak angaru biru,
mangkat saking ngajengan,
pan kasusu kumrutug bala kang nusul,
praptane pinggiring wana,
eram denira ningali.

18. Buron geng alit nggalasah,
prajurite Sang Raja Karungrawi,
wonten saleksa kang sampun,
samekta ing ngayuda,
Patih Jedhi tigang leksa wadyanipun,
kang sampun samekteng yuda,
bala Gumiwang Kyeh prapti.

19. Mangsah Sang Rajeng Gumiwang,
Patih Jedhi jangkung napak wiyati,
Karungrawi nguwuh-uwuh,
heh Raja Putra Arab,
anututa sun banda sira kasiku,
wong buburu ngobong alas,
sarwi nudingi cemethi.

20. Putra Ngabesi umangsah,
pan anitih bakarles prapteng ngarsi,
Raden Kodrat Samadikun,
sugal pamuwusira,
sira ratu kang anyengker alas agung,
lah dulunen alasira,
saburone tumpes tapis.

21. Mojar Sang Rajeng Gumiwang,
bocah jedheng sireku peksa wani,
angling Kodrat Samadikun,
sanadyan sun jedhenga,
ing prang wani anggada ngepruk endhasmu,
payo apa aneng sira,
sapa aranmu narpati.

22. Pan ingsun Rajeng Gumiwang,
ya kadange Sang Prabu Samasrawi,
gumredeg sarwi amupuh,
wau Rajeng Gumiwang,
pan tinangkis dening Kodrat Samadikun,
arame gada ginada,
samya prawiraning jurit.

23. Mrepeki Ki Umarmaya,
aneng dharat Jaswadi neng wiyati,
Retna Kadarwati sampun,
matak mantra limunan,
wus jinangkung prange Kodrat Samadikun,

sira Sang Rajeng Gumiwang,
jinangkung ing Patih Jedhi.

24. Ki Patih Jedhi tan wikan,
marang sira Kusuma Kadarwati,
prajurit kang wolulikur,
sadaya tan katingal,
samya ngembat langkape wong wolulikur,
wau kang ayuda gada,
aganti bindi binindi.

25. Patih Jedhi arsa nyidra,
Kodrat Samadikun kang jinemparing,
sigra menthang langkapipun,
lumepas kang sanjata,
pan kebate Retna Kadarwati sampun,
anglepasaken sanjata,
jemparinge Patih Jedhi.

26. Wau ingkang sinanjata,
gandar tugel ngungun Ki Patih Jedhi,
sinamber apa panahku,
dene nora tumeka,
kang sun arah ya si Kodrat Samadikun,
pinindho malih pinanah,
kebat Dewi Kadarwati.

27. Anglepasaken sanjata,
kena tugel panahe Patih Jedhi,
krodha sru denira muwus,
apa ta kendhit mimang,
nora gadug mring si Kodrat Samadikun,
Patih Jedhi kaku ing tyas,
gya mundur nginger angeri.

## XXII. WONG AGUNG KAPANGGIH WONTEN ING GUWA

DURMA

1. Apan arsa anowok Patih marmanya,
keringan ing ngajurit,
nagri Purwakandha,
saben aprang mangkana,
Rajeng Gumiwang nadhahi,
kang aprang dharat,
Ki Patih kang mateni.

2. Mangkya antuk sisih ing aprang waspada,
wau Ki Patih Jedhi,
gya niyup mangandhap,
marang nggene kang aprang,
sigra Dewi Kadarwati,
ngatag pawongan,
sareng denya jemparing.

3. Marang Ratu Gumiwang pareng lepasnya,
wolulikur jemparing,
niba saking kuda,
sirah jaja walikat,
sasalang keneng jemparing,
kanine kathah,
Patih kagyat ningali.

4. Langkung ngungun Ki Patih arsa tumenga,
irunge jinemparing,
ing gandar kewala,
cumemples iring kena,
pisek sakala Ki Patih,
Rajeng Gumiwang,
ajur keneng jemparing.

5. Sampun pejah Ki Patih wau tumingal,
pejahe Sri Bupati,
aniba lumajar,
matur ing Gustinira,
lamun ing mangke kang rayi,
Prabu Gumiwang,
telas kenging jemparing.

6. Sarirane kebyukan panah sawidak,
inggih saking wiyati,
kawula punika,
irung pisek katiban,
ingkang panah gandar saking,
ing ngawang-awang,
irung jinujug keni.

7. Langkung ngungun anjetung duk amiyarsa,
Sang Prabu Samasrawi,
wau kagegeran,
kang kari buron wana,
gumrubyug ngungsi jro puri,
yata Narendra,
tilar pakuwon aglis.

8. Kondur mempen sajroning kitha Sang Nata,
ngupaya dandan budi,
sagung balanira,
para ratu marapat,
saketheng kang den jagani,
Prabu Nusirwan,
tumut aneng jro puri.

9. Yata wau duk kobarira kang wana,
lan swaraning ngajurit,
kagyat jroning guwa,
ngintip Sang Jayengrana,
dereng tetela ing jurit,

yata samana,
wus tedhak Kadarwati.

10. Lan kang uwa Ki Dipati Tasikwaja,
miwah Raja Jaswadi,
tuwin para putra,
wus samya pakumpulan,
sami ningali kang mati,
kang buron wana,
kathah awarni-warni.

11. Retna Dewi Kadarwati kalangenan,
sedyane aningali,
ana wukir wetah,
tan kena ing dahana,
wukir alit pinggir kali,
ayom katingal,
Sang Prabu aningali.

12. Pan Wong Agung nuju aneng lawang guwa,
tyasira tan kuwatir,
wau praptanira,
kang nedya kalangenan,
lawan saparekaneki,
ngupaya toya,
kagyat Ni Kadarwati.

13. Miyat kori ing guwa wonten kang lenggah,
mangu Ni Kadarwati,
manaweku mengsah,
Wong Agung duk tumingal,
ingawe Ni Kadarwati,
marang kang rama,
kumepyur malajengi.

14. Gya nungkemi ing padanira kang rama,
Sang Retna njrit anangis,
Wong Agung ngandika,

Nini apa ta sira,
ing kene mau kang jurit,
matur anembah,
inggih amba kang jurit.

15. Wus linggiha Nini saparowangira,
matur maksih anangis,
pan inggih Jeng Uwa,
Dipati Tasikwaja,
lawan pun Bapa Jaswadi,
lan para putra,
myang wayah Atasaji.

16. Kadarwati anuduh pawonganira,
lah aturana aglis,
Jeng Uwa lan Bapa,
miwah kang para putra,
lamun Jeng Rama wus panggih,
parekan mesat,
wus prapta nggening baris.

17. Duk miyarsa gumrubyug apalajengan,
wus mijil Bagendha Mir,
lenggah soring gurda,
prapta Ki Umarmaya,
lawan Sang Raja Jaswadi,
samya karuna,
rangkul rinangkul sami.

18. Para Raja Putra ngabekti sadaya,
Raja Miswel Kanardis,
nembah ngaras pada,
sawusnya kinen lenggah,
Semakun lan Atasaji,
sareng anembah,
nungkemi pada kalih.

19. Yata kagyat Wong Agung wau tumingal,

marang Putra Medayin,
sampun kinen lenggah,
Wong Agung lon ngandika,
yayimas apa wus lami,
sigra Marmaya,
kang matur anambungi.

20. Pan meningi ing prang ping kalih punika,
arinta wus alami,
mukir mring wong tuwa,
mangke anut Paduka,
sampun agama Ibrahim,
nekad ing Tuwan,
Wong Agung duk miyarsi.

21. Langkung suka kang rayi sigra cinandhak,
tinarik den arasi,
wusnya kinen lenggah,
caket neng ngarsanira,
Umarmaya matur aris,
rayi Paduka,
punika darbe pikir.

22. Angraosi putrine Rajeng Gumiwang,
kang pejah wau enjing,
prang lan putra Tuwan,
Kadarwati marwasa,
pejahe pun Karungrawi,
putrine endah,
nama Dewi Rukanti.

23. Angandika Wong Agung Surayengjagat,
heh Nini Kadarwati,
sira lumakua,
nyidra Putri Gumiwang,
welasa pamanireki,
matur sandika,
nembah Ni Kadarwati.

24. Sigra mesat saking ngarsane kang rama,
lan saparekaneki,
pan nagri Gumiwang,
amung sawengi marga,
sakingi ing Mutadarawi,
meh nyandhak gengnya,
lawan Mutadarawi.

25. Sapunkure Wong Agung ngalih panggonan,
wisma geng ingkang maksih,
ingkang pinaranan,
Wong Agung aneng kana,
wadya sami mbakar daging,
bantheng manjangan,
kang sami den bakari.

26. Samya suka wadya gung buron balasah,
ewon kambingireki,
tata pagubahan,
jro wancak suji samya,
meh surup pradongga pati,
gantya kocapa,
kang lampah nyarkarani.

## XXIII. RATU ING PURWAKANDHA PADOS SRAYA

SARKARA

1. Kawarnaa Retna Kadarwati,
dalu prapta nagari Gumiwang,
lajeng marang kadhatone,
ingkang abaris tugur,
pancaniti kang pra dipati,
dereng wonten miyarsa,
yen Gustine lampus,
samya njujug patamanan,
Kadarwati asiram angundhuh sari,
ngayem-ayem sarira.

2. Wowohan kabeh kang den undhuhi,
samya suka sapawonganira,
arereh wau karsane,
pametira Sang Ayu,
wanci pukul waselas prapti,
mantri atur uninga,
tiwase Sang Prabu,
prang lan Raja Putra Arab,
duk miyarsa lir guntur swaraning tangis,
gumuruh jroning pura.

3. Prameswari lan Dewi Rukanti,
agung kantaka niba ing kisma,
Rama Prabu sasambate,
nora welas ing sunu,
prameswari angrangkul siwi,
kayapa solahira,
nyawa putraningsun,

diwasa tinilar bapa,
sapa baya Nini kang sira ngengeri,
Wakira Purwakandha.

4. Wong kumaki peksa kudu wani,
mungsuh lawan Sang Surayengjagat,
ukum kudu mati bae,
iku dene kinepung,
negarane tan bisa osik,
pawongan nglud sangsaya,
kang tangis gumuruh,
prameswari gung sasambat,
adhuh babo sutengsun Dewi Rukanti,
rebuten prajanira.

5. Tan wus ucapen ramening tangis,
pan kawayon kapati anendra,
Sang Retna lawan ibune,
kena ing sirepipun,
prabawane Ni Kadarwati,
saksana manjing marang,
kaputren wus rawuh,
anjejep ing pasarean,
kinen gulung babute Dewi Rukanti,
lawan ibune pian.

6. Pinanjingken ing cucupu manik,
Putri Kubarsi tuhu digdaya,
tan ana wruh pakartine,
sajro pura kasaput,
siji datan ana cumuwit,
sigra ndedel Sang Retna,
sapawonganipun,
mesat saking jroning pura,
tan kawarna ing marga pukul pat prapti,
enggene ingkang rama.

7. Byar raina Sang Surayengbumi,

Umarmaya ing dalu carita,
yen wuri kathah bekane,
praptane garwanipun,
Raja Putri ing Parangakik,
ingkang anglebur beka,
rencana katawur,
praptane putra sadaya,
duk miyarsa angungun Sang Jayengmurti,
yata wau kang prapta.

8. Wus raina marek Raja Putri,
Kadarwati dinangu duk apa,
matur pukul pat praptane,
Putri Gumiwang sampun,
inggih keni Dewi Rukanti,
lan saibune pisan,
kabekta pukulun,
suka Wong Agung ngandika,
iki kena Putri Gumiwang Rukanti,
Raden Semakun nembah.

9. Ingsun budhal mring pakuwon mami,
sun weruhne mring mbakayunira,
Marpinjun iki ipene,
Dyan Semakun jumurung,
leres karsa Jeng Paduka Mir,
benjing tamban kewala,
panggiha pukulun,
pan sampun kacepang asta,
sampun asrep pukulun empaning galih,
mangsa inggih gagala.

10. Sampun budhal saking wana nuli,
kang methukken Askardiyu prapta,
pating baleber praptane,
pra putra para ratu,
ingkang kedah panggih tumuli,

kang prapta aseluran,
mangkana winuwus,
sapraptane pasanggrahan,
kadi guntur gung alit swaraning tangis,
kekembang sukeng driya.

11. Para garwa samya anungkemi,
tuwin putra wayah mengunengan,
datan pinajang solahe,
sagunging para ratu,
aglar munggeng ngarsanira Mir,
ndangu marang kang garwa,
duk Kaolaranu,
sadaya sasolahira,
sampun katur ing raka Surayengbumi,
angling Retna Sudara.

12. Heh yayimas Prabu Samasrawi,
apa nyata mempen jroning kitha,
gusis tinggal pakuwone,
Arya Maktal wotsantun,
inggih estu ing njawi gusis,
atutup lawang kitha,
ing warti pukulun,
angupaya budi daya,
sapejahe Raja Gumiwang kang rayi,
langkung kekes ing driya.

13. Dadya arsa minta sraya malih,
saking ebat miyat wadya tuwan,
para putra ing praptane,
bote nikeli sewu,
lawan wadya Mutadarawi,
mila langkung sungkawa,
pisek patihipun,
pun Jedhi pinanah gandar,
gandar wesi ing Putranta Kadarwati,
sumyak ingkang miyarsa.

14. Yata Wong Agung lagya ngecani,
onenging putra kalawan garwa,
bujana ing sadinane,
lan sagung para ratu,
tan akendhat pambojaneki,
Wong Agung gung asmara,
karasikaning kung,
lan garwa kakalihira,
Ni Sudarawreti Sirtupelaeli,
pan sami onengira.

15. Putri Gumiwang Dewi Rukanti,
wus apanggih lan Semakun ika,
Marpinjun amor panganten,
asih Raden Semakun,
marang garwane Dewi Rukanti,
pra samya sih sinihan,
kuneng tan winuus,
Wong Agung Surayengjagat,
kawuwusa sira Prabu Samasrawi,
kang lagya paguneman.

16. Langkung sungkawa Sri Narapati,
ewuh arsa ngawaki ngayuda,
dene akontap kanthine,
milane wayang wuyung,
buron alas datanpa kardi,
amung pangeram-eram,
bala buron manuk,
wong Ngarab datanpa karya,
mung asejam buron wana tumpes tapis,
anungkul datan arsa.

17. Aninggala agama Yahudi,
pasthi lamun muwuhi cilaka,
Kya Patih Bestak wagede,
tilase tinalikung,
mangkya Prabu ing Samasrawi,

denya asih kalintang,
Bestak darbe cinthung,
angling Rajeng Puwrakanda,
heh ta Patih Bestak apa ingsun iki,
ngupaya ngambil sraya.

18. Ana ratu pawong sanak mami,
luwih prakosa asugih bala,
ing Kosarsah negarane,
jagat iki kinelun,
pilih tandhing lakun ajurit,
ing kemat mandraguna,
Sang Raja Kasrukum,
yen sun atura uninga,
lamun ingsun kasoran amangun jurit,
kinepung prajaningwang.

19. Sayektine iku nuli prapti,
yen becike ingkang lumakua,
iku Bestak sira dhewe,
wakile Rama Prabu,
wakilingsun si Patih Jedhi,
parandene wus waras,
irunge kang tatu,
pijer dhesok irung apa,
sok umpetan nora gelem metu maning,
kapok irung keparat.

20. Wong wus endhek cilik Patih Jedhi,
irung pisek ndadak lir cacathak,
anjenthir kaya katunggeng,
wong dudu manuk dudu,
nganggo elar kaya brengkutis,
amungsuh lan wong Arab,
teka nora payu,
ngong adu liyan wong Ngarab,
para ratu kekes mring si Patih Jedhi,
samengko teka ngabar.

21. Heh apatih mangkata tumuli,
anggawaa mantri Purwakandha,
sandika lajeng lampahe,
Kya Patih kalih sampun,
mancal saking Mutadarawi,
Patih Jedhi anapak,
ing gagana sampun,
Patih Bestak lampah dharat,
nanging sareng datan arsa andhingini,
kuneng ingkang lalampah.

22. Kawuwusa Sang Surayengbumi,
paguneman aneng pasanggrahan,
pra ratu pra putra andher,
lamine garwanipun,
putra kalih neng Samasrawi,
wus kawandasa dina,
lan saputranipun,
Wong Agung alon ngandika,
heh ta kakang Adipati Guritwesi,
yayimas Parangteja.

23. Dudu bobote nagara iki,
wong semono iya kang ngepunga,
yekti kakehan mungsuhe,
iki ta karsaningsun,
yayi Dewi Sudarawreti,
lawan yayi Karsinah,
myang yayi Marpinjun,
muliha marang Kuparman,
sutanira kabeh barenga sireki,
nganti aneng Kuparman.

24. Heh ta yayi Dewi Parangakik,
lah gawanen sutanira Kelan,
kulup miluwa lakune,
mring Kuparman ibumu,

ingkang putra matur wotsari,
padha sira muktia,
kabeh putraningsun,
aneng negara Kuparman,
kalangenan yen salamet ingsun prapti,
iku padha muliha.

25. Mring prajamu dhewe-dhewe sami,
mengko padha tunggua Kuparman,
mong suka cangkraman akeh,
saiki lagi durung,
ana bote panggawe iki,
lagi ana kang nedha,
marang Hyang Kang Agung,
pandongane tinarima,
pan mangkana prapta ngong Mutadarawi,
Wong Agung buka kojah.

26. Duk panggihe lan Ki Seh Waridin,
aneng ing guwa wukir Munada
tinutur sawirayate,
kang myarsa samya ngungun,
dening gaib Ki Seh Waridin,
Wong Agung angandika,
Paman Betaljemur,
pamangsite iya padha,
lamun emeh asalin sarengat Nabi,
metu ing kadangingwang.

27. Nabi panutup niyakeng bumi,
ingkang langgeng Nabi kang dinuta,
nora salin sarengate,
ingutamaken mbesuk,
kang meningi sarengat Nabi,
matur kang para raja,
dhuh amba Pukulun,
mugi Tuwan tedhakena,

meningana inggih sarengat ing wuri,
Nabi niyakaningrat.

28. Sampun pisah lan Jeng Paduka Mir,
alon ngandika muga Hyang Suksma,
nembadanana kajate,
sagunging sanakingsun,
kang sun gawa sabaya pati,
duk mayarsa pangandika,
sagung para ratu,
samya sujud ing bantala,
ngaras siti neng ngarsanira Sang Amir,
gumer pamucungira.

## XXIV. RADEN ASIMKATAMSI TUWIN RADEN ARISMUNANDAR

PUCUNG

1. Wusnya dangu pasujuding para ratu,
   miwah para putra,
   bela ing para narpati,
   pan atarap kadi sujuding asalat.

2. Kinen wungu para nata para sunu,
   wus lenggah sadaya,
   mangkana sanega sami,
   ingkang badhe budhal mring nagri Kuparman.

3. Samya ngujung para garwa para sunu,
   tuwin para nata,
   andel-andel Parangakik,
   samya ngujung lan andel-andel Karsinah.

4. Para ratu ing Kelan samya gegedhug,
   sami ngaras pada,
   miwah emban ratuning jin,
   samya ngujung Raja Jaswadi lan Miswan.

5. Sampun kebut para garwa para sunu,
   mung kantun satunggal,
   Putri Kuwari kang kari,
   nora rowa nora pati sugih bala.

6. Putranipun Asimkuwari pan tumut,
   kondur mring Kuparman,
   wadya gung kadi jaladri,
   ingkang budhal marang Kuparman nagara.

7. Kuneng wau gantya malih kang winuwus,
wonten duta prapta,
saking nagri Burudangin,
utusane kang garwa lawan kang wayah.

8. Lampahipun tur uninga kalihipun,
yen putral lan wayah,
sami jalu pekik-pekik,
sampun ageng ing mangke anuwun aran.

9. Lairipun mung sawulan longkangipun,
sepuh ingkang putra,
milane mboten tumuli,
tur uninga dereng kantenan lairnya.

10. Kang jinujug anyaosaken malebu,
Rajeng Kaos lawan,
Sang Prabu Rum Burudangin,
sami suka anglampahaken utusan.

11. Lan kikintun pan akathah warninipun,
gawan sinung nama,
paparabe Raden Kalih,
Raden Buyut sinungan Arismunandar.

12. Raden Sunu Asimkatamsi puniku,
nenggih kang paparab,
ya Raden Ambyah Katamsi,
Raden Buyut mung Raden Arismunandar.

13. Embanipun ingkang rama kang kikintun,
Raja Putra Buldas,
atmajane Andanbilis,
pan anama ya Raden Andanbanisjan.

14. Putranipun sinaosan emban ratu,
marang ingkang uwa,
Sang Raja Kaldum ing Simik,
kang angirid mring Burudangin nagara.

15. Lampahipun ing marga datan winuwus,
praptane kang duta,
ing nagari Burudangin,
wus apanggih lan Sang Retna kalihira.

16. Sampun dhawuh sagung kang serat kikintun,
lan saosan emban,
Sang Raja Kaldum ing Simik,
Raden Putra saos saking ingkang uwa.

17. Raden Buyut kinintunan embanipun,
saking ingkang rama,
Sang Prabu Kaos nagari,
putra Buldan si Radyan Andanbanisjan.

18. Balanipun tigang leksa kawanewu,
bektane kang rama,
sira Prabu Andanbilis,
mring kang putra si Radyan Andanbanisjan.

19. Raja Kaldum balane pan sampun agung,
patang kethi lawan,
saleksa kang para mantri,
bala Simik kang pra dipati pan dhomas.

20. Bagus-bagus Raden Putra Raden Buyut,
sami kulit pethak,
apan ora pati abrit,
yen tirua kang ibu kulite pethak.

21. Nora tiru kulit abang sarireku,
apan jinis Arab,
apanggih lan kulit putih,
metu sedheng kuninge nukmeng perada.

22. Cahya mancur singa kang andulu ngungun,
pipine rinajah,
wus tamtu trah Puserbumi,
lamun jalu sayekti pipine rajah.

23. Estri jalu gen alit samya sih lulut,
apan nora ana,
ing nagri Rum Burudangin,
cahya rupa kadi Raden kalihira.

24. Esemipun manise pitulas menut,
sedhepe telung jam,
dadi usada panas tis,
wong ndharodhog yen tumingal pasthi waras.

25. Maksih timur ginulang-gulang prang pupuh,
alul ing ngayuda,
memedhang lawan jemparing,
lan anggada amuter luhur turangga.

26. Petakipun jumebret lir gelap paju,
samya kagawokan,
durung ana Burudangin,
lagi iku Rahaden Arismunandar,

27. Lan Dyan Sunu Asimkatamsi puniku,
kathah kang kacaryan,
ambebeda anjiwiti,
yen cinablek karasa anuli petak.

28. Pamrihipun kabeh kang asandhing njumbul,
ana kulayaban,
sakathahe rare i cilik,
ngagetaken sakeh lara gudhig sirna.

29. Lara wudun gelis tuwa mucu-mucu,
ana banjur mecah,
teka matane sirna nting,
banjur waras mari nora kumat-kumat.

30. Kalihipun timur wus prawireng pupuh,
yen andhupak bihal,
senuk memreng lan karendhi,
endhas pecah polo wutah awak bubrah.

31. Ngagem palu rante mas wrat patangatus,
kati pan wus kelar,
sinabetken tiris gadhing,
asem jajar pipitu sinabet sirna.

32. Yen buburu macan cinandhak tinapuk,
munyur sirahira,
binedhel ati binukti,
dadya tuman adhahar atining macan.

33. Saben dalu Dyan Putra kalih buburu,
kang pinrih mung macan,
pinet rina pan wus gusis,
mila dalu diningkik paturonira.

34. Yen kapranggul tinubruk simane njumbul,
wontena sadasa,
kena tan marejel siji,
gya binedhel atine inguntal mentah.

35. Samya ngungun geng alit wadya kang dulu,
pan dereng miyarsa,
tingkah kadi Raden kalih,
salamine solahe karya asmara.

## XXV. RATU ING KOSARSAH TUTULUNG DHATENG PURWAKANDHA

ASMARADANA

1. Kuneng Raja Putra kalih,
kang agung among prawira,
ing praja geng sampun kalok,
Rahaden Arismunandar,
ka buyut Amir Ambyah,
iya lawan putranipun,
Asimkatamsi digdaya.

2. Yata kawuwusa malih,
lampahe Jedhi lan Bestak,
nagri Kosarsah praptane,
katur ing Sri Maharaja,
yen Patih kalih prapta,
Purwakandha lan Medayun,
Sang Nata duk siniwaka.

3. Dening sagung pra dipati,
satriya lan ulubalang,
miwah ingkang para katong,
ratu iku sugih bala,
guna ngelmu paekan,
tinarima sikiripun,
apan adedeg satus gas.

4. Sarira yayah minangsi,
rema barintik akathah,
binoponga tigang bopong,
wasis nggarap ngelmu kemat,
bisa nyalini mata,

anglironi matanipun,
manungsa lan sato bisa.

5. Kang sami sato wus dening,
mataning gajah kinarya,
sinalinan mata kebo,
abeda awasemya,
miwah mataning kuda,
sinalinan mata wedhus,
tan beda awase padha.

6. Apan netrane pribadi,
sinalinan mata macan,
kabeh sagung punggawane,
sami nganggo mata macan,
milanipun keringan,
sira Sang Raja Kasrukum,
aneh lawan para raja.

7. Ing prajurit alit-alit,
mata kucing kang kinarya,
wau ta sira Sang Katong,
andangu Patih Buwawas,
kaya pa aturira,
Patih Buwawas umatur,
wonten duta kalih prapta.

8. Satunggal Patih Medayin,
satunggale Purwakandha,
alon ngandika Sang Katong,
endi gawanen mring ngarsa,
nulya majeng katrinya,
Patih Bestak dulu ngungun,
dening netra kadi macan.

9. Surat katur ing Narpati,
binuka sampun kadriya,
jroning surat rarasane,

andangu lawase pira,
praptane parang muka,
ing Purwakandha kinepung,
dening Raja ing Kuparman.

10. Kya Patih Bestak wotsari,
inggih saweg tigang wulan,
kadi samodra balane,
arinipun ing Gumiwang,
nenggih sampun palastra,
putrine ical ing dalu,
Sang Nata gumujeng suka.

11. Yayi Prabu Samasrawi,
pantes yen nora kelara,
amungsuh dudu bobote,
banyu kalen ingilenan,
iya banyu bengawan,
yekti dudu tandhingipun,
Purwakandha lan Kuparman.

12. Kya Patih kalih wotsari,
mila tur wuningeng Tuwan,
saking karoban mengsahe,
alon ngandika Sang Nata,
heh Buwawas undhanga,
sagung ingkang para ratu,
sun bantu mring Purwakandha.

13. Sun budhal sadina benjing,
sandika aturing patya,
Sang Nata nulya ngadhaton,
ing njawi sami siyaga,
busekan sanagara,
gumuruh kang para ratu,
samekta kapraboning prang.

14. Ing dalu datan winarni,

enjang anembang tengara,
gumuruh gurnang kendhang gong,
thongthonggrit beri wurahan,
Sang Nata wus busana,
budhal punggawa panganjur,
satus bala nigang leksa.

15. Sekawan para narpati,
Raja Kanisban Gemana,
miwah Sang Raja Bulendar,
Sri Nara Nata Warudhan,
sami andeling aprang,
lawan Sang Raja Bugarjun,
Sri Bupati ing Gelidar.

16. Lawan Sang Raja Bergipis,
Ratu ing Sondhe prakosa,
Kosarsah andel-andele,
Sang Nata ing wuri budhal,
Samas kang para raja,
kang binekta don ngalurug,
balane yutan awendran.

17. Wus mancal saking nagari,
gumuruh kang bala kuswa,
busana lir wukir kobong,
patih kalih datan pisah,
katigane Buwawas,
kinanthi ing siyang dalu,
sareng yen sumiweng raja.

18. Mangkana pan sampun lami,
lampahe Rajeng Kosarsah,
wus angancik jajahane,
ing nagari Purwakandha,
kari lakon sadina,
Sang Prabu kalih amethuk,
Samasrawi lan Nusirwan.

19. Neng njawi kitha Sang Aji,
wus acaos pasanggrahan,
rinengga kutha kokojor,
amawi taratag rambat,
wau sapraptanira,
bala kang mangka panganjur,
baris tigang atus leksa.

20. Sakawan prabu sinakti,
anyakethi balanira,
Warudhan Raja Bulender,
panggih Sang Prabu kalihnya,
eram Nusirwan mulat,
prajurit ingkang panganjur,
punggawane mata macan.

21. Kalawan kang mata kucing,
lagi Sang Rajeng Kosarsah,
padha aneh prajurite,
pantes ngentasana karya,
nirnakken mring wong Ngarab,
angsal tandhing kang satuhu,
ing prang prajurit Kuparman.

22. Nulya ndaledeg kaeksi,
bala kang parek Sang Nata,
upacara ampilane,
andhedhet pangayapira,
kadya giri kusuma,
sira Sang Raja Kasrukum,
tuhu pinunjul aneng rat.

23. Samya methuk marepeki,
panggih Buwawas tur sembah,
punika Rama Sang Katong,
kalawan Rayi Paduka,
Sang Prabu Purwakandha,
tedhak Sang Prabu Kasrukum,

saking pirbiale sigra.

24. Tundhuk Sang Prabu kakalih,
aras ingaras kang jangga,
tuhu eram pandulune,
marang Sang Prabu Kosarsah,
nulya lajeng sadaya,
manjing pasanggrahan agung,
munggeng ing tatarub rambat.

25. Lenggah ing ngamparan rukmi,
prajurit aglar ing ngarsa,
pra dipati para katong,
lajeng bujana sesegah,
Sang Prabu Purwakandha,
swaraning bala gumuruh,
kadya prakempeng udaya.

26. Matur Raja Samasrawi,
Pukulun tiwas kawula,
mboten utusan Sang Katong,
tur uninga ing Paduka,
duk parangmuka prapta,
saking pangraos Pukulun,
kadugi amba maguta.

27. Gumujeng Sri Narapati,
pan sira durung tetela,
si Raja Arab yudane,
jer Yayi Prabu gumampang,
wruhanira wong Ngarab,
para ratu agung-agung,
kabeh prawira ngayuda.

28. Apan ingsun wus ngawruhi,
polah tingkahe wong Ngarab,
rangkep-rangkep dandanane,
ratu kang babala raja,

pira-pira narendra,
saben amukul praja gung,
durung tumandang sadaya.

29. Selak pejah kang nagari,
upama satus dandanan,
lagi tumandang kang loro,
ratune selak kasoran,
yen misih ngelmu kemat,
iya rangkep ngelmunipun,
tan kena pinet satunggal.

30. Kasoran Umarmayeki,
para garwa akeh guna,
kasoran para garwane,
para putra padha dibya,
kasoran para putra,
para ratu keh pinunjul,
iku yayi kawruhana.

31. Ana pawong sanak mami,
Raja Rukyatil Talsiyah,
anglurugi ing sedyane,
tan nganggo aprang paekan,
ngandelken sugih bala,
mung ngadu atos babalung,
amungsuh lawan wong Ngarab.

32. Mring Kusniya Malebari,
Sang Raja Rukyatil polad,
akeh tumpes prajurite,
ingamuk peputhon emas,
amecahaken sirah,
amutungaken babalung,
apedhot ototе sempal.

33. Tur iku Ratu pamburi,
nora pati kapangarsa,

iya mengkono bobote,
mendahane Kewusnendar,
Lamdahur Umarmadya,
Maktal lan Tamtanus iku,
gangsal kang wus kasarira.

34. Ngandika Nateng Medayin,
Bestak puniku waspada,
tur sembah Bestak ature,
Pukulun gawok kawula,
yen aprang lan wong Ngarab,
ingkang kathah kematipun,
kang ampuh aprang paekan.

35. Ting kalumpruk padha njengking,
kadi bocah bayi abang,
yen sampun dadi bature,
wong Ngarab sektine kumat,
angot kadi ing kuna,
gumujeng Raja Kasrukum,
mengkono rakite uga.

36. Ngelmu kemat kang sayekti,
kang wus guguru pamungkas,
iya ana pangapese,
wong Ngarab bisa ambuka,
pengapes ngelmu kemat,
pan iku wus antuk tuduh,
gurune kemat pamungkas.

37. Ana dene kemat mami,
kang luwih ka palapisan,
luwih angel ing tuduhe,
kang nora kena binuka,
kaya nyalini mata,
luwih gawat luwih lembut,
wong Ngarab mangsa bisaa

38. Lamun bisaa sayekti,
Lamdahur wus sinalinan,
den enggoni mata bantheng,
mandaha dening prayoga,
ingkang dhapur sembada,
kaya Kewusnendar iku,
sinalinan mata macan.

39. Iku wartane kang luwih,
dedeg para Ratu Arab,
iki oleh anyar maneh,
ratu prawira digdaya,
sumbageng pramudita,
sugih bala para ratu,
kaipe ing Bagenda Mbyah.

40. Ratu ing Rum Burudangin,
si Raja Tasangsulngalam,
kaliwat abot bobote,
ageme palu rante mas,
wrat sewu dhacin kangkat,
rante gotong rongatus,
keh pegat nyawaning raja.

iya mengkono bobote,
mendahane Kewusnendar,
Lamdahur Umarmadya,
Maktal lan Tamtanus iku,
gangsal kang wus kasarira.

34. Ngandika Nateng Medayin,
Bestak puniku waspada,
tur sembah Bestak ature,
Pukulun gawok kawula,
yen aprang lan wong Ngarab,
ingkang kathah kematipun,
kang ampuh aprang paekan.

35. Ting kalumpruk padha njengking,
kadi bocah bayi abang,
yen sampun dadi bature,
wong Ngarab sektine kumat,
angot kadi ing kuna,
gumujeng Raja Kasrukum,
mengkono rakite uga.

36. Ngelmu kemat kang sayekti,
kang wus guguru pamungkas,
iya ana pangapese,
wong Ngarab bisa ambuka,
pengapes ngelmu kemat,
pan iku wus antuk tuduh,
gurune kemat pamungkas.

37. Ana dene kemat mami,
kang luwih ka palapisan,
luwih angel ing tuduhe,
kang nora kena binuka,
kaya nyalini mata,
luwih gawat luwih lembut,
wong Ngarab mangsa bisaa

38. Lamun bisaa sayekti,
Lamdahur wus sinalinan,
den enggoni mata bantheng,
mandaha dening prayoga,
ingkang dhapur sembada,
kaya Kewusnendar iku,
sinalinan mata macan.

39. Iku wartane kang luwih,
dedeg para Ratu Arab,
iki oleh anyar maneh,
ratu prawira digdaya,
sumbageng pramudita,
sugih bala para ratu,
kaipe ing Bagenda Mbyah.

40. Ratu ing Rum Burudangin,
si Raja Tasangsulngalam,
kaliwat abot bobote,
ageme palu rante mas,
wrat sewu dhacin kangkat,
rante gotong rongatus,
keh pegat nyawaning raja.

## XXVI. NGREMBAG GELARING PRANG

MEGATRUH

1. Kaya ngapa yen sira bisa amungsuh,
   lan prajurit Puserbumi,
   kari keh dandananipun,
   balane kadi jaladri,
   akethen kang para katong.

2. Padha mandraguna ingkang para ratu,
   yen minungsuh balung kulit,
   otot dudu mungsuhipun,
   besuk yen mungsuh lan mami,
   sun rangkep paekaning ngong.

3. Mangsa bisaa nyandhak kasekteningsun,
   sun rangkepi ika-iki,
   kalah iki nuli iku,
   kalah iku ana maning,
   kalah maning ana kanthong.

4. Kalah kanthong ana kenthi kenthung-kenthung,
   kalah penthung ana penthing,
   kalah sandhing ana nyandhung,
   njenguk tibane kabanting,
   dadi bathang manthang monthong.

5. Aku ngrungu dhudhukunmu si panglamur,
   paekan si Masrukakim,
   wus manjing durung tumanduk,
   ing mangsa durung marengi,
   arsa gawe lara candhok.

6. Undurena dhingin iku lagi guru,
marang ing Apatih mami,
si Buwawas kang amuruk,
ya durung pati pramati,
durung guguru maring ngong.

7. Durung mucuk andumuk kang mentul-mentul.
panganjure kang ngebati,
kacaryan ing padhangipun,
lan enaking netra sami,
aja ndang nuli dinumoh.

8. Dimen padha kasengsem pingin puniku,
padhang enthenge netraki,
karasa ing nikmatipun,
tuman gya amundhut malih,
pupuhe ingkang kinaot.

9. Yen mangkono nuli ladenana gupuh,
kang pramati kang nyadhoki,
sayekti nuli den edum,
maring kang para kinanthi,
satriya di para katong.

10. Ya Ki Patih Bestak jarumana iku,
tekane si Masrukakim,
mung sira kang bisa tambuh,
karana Putreng Medayin,
Raden Semakun neng kono.

11. Manjing ngaku dutane Raden Semakun,
tan tinaha wira-wiri,
Patih Bestak nembah matur,
baris Arab tan wawiki,
singa-singa kang ponang wong.

12. Antuk manjing pakuwon Arab pukulun,
mboten wonten sangga runggi,

amung kang inganggep mungsuh,
kang panggih tengahing jurit,
yen sampun prang tandhing angkoh.

13. Sanes lawan sagung para ratu-ratu,
yen sampun apacak baris,
kathah butarepanipun,
mboten kena wira-wiri,
nganggo taha kang maring jro.

14. Yata alon ngandika Raja Kasrukum,
yaiku wruhanireki,
abote wong Ngarab iku,
santosa tur kandel titi,
tipis ati nora abot.

15. Sampun nandhes guneme Raja Kasrukum,
kasaput ing dalu sami,
masanggrahan para ratu,
Sang Prabu Mutadarawi,
tumut mangsuli pakuwon.

16. Kawuwusa Ki Patih Bestak ing dalu,
angutus si Masrukakim,
sarta kirim dinaripun,
tigang ewu yuta panggih,
Masrukakim sampun miyos.

17. Wus binekta seba mring Raja Kasrukum,
pinaring sikir kang luwih,
nanging welinge Sang Prabu,
yen uwis aprang ping kalih,
trapena pupuh penyadhok.

18. Karana sun tanting aboting prang pupuh,
yen wus kasor saking jurit,
nora anganggo panglamur,
yen kentas saking ing jurit,
munggah yudane pra katong.

19. Dene yen wus karuan ing wegahingsun,
ing aprang sira sun jawil,
namakken panyadhok iku,
sira den angati-ati,
satingkahmu den atamboh.

20. Yata kuneng gantia ingkang winuwus,
Wong Agung Surayengbumi,
aneng pasanggrahanipun,
siniweng ing pra dipati,
tuwin sagung para katong.

21. Abujana lawan sagung para ratu,
Ki Umarmaya tanya ris,
heh sapa ingkang karungu,
ana bantu ageng prapti,
gagaman lir samodra rob.

22. Anauri sira Sang Prabu Lamdahur,
iya kakang ana prapti,
anama Raja Kasrukum,
abantu Mutadarawi,
Rajeng Kosarsah kinaot.

23. Malah metu barise wingi kang mungsuh,
dening ta ana geng prapti,
kang nama Raja Kasrukum,
pantes mbesuk ametoni,
dening mbantu ratu abot

24. Ing wartane si Raja Kasrukum iku,
kaya mata macan pasthi,
gilar-gilar yen andulu,
Wong Agung Surayengbumi,
pangandikanira alon.

25. Den prayitna samengko prang para ratu,
nanging aja ametoni,
yen mungsuhe nora metu,
anuta mungsuhireki,
metu andurma pra katong.

## XXVII. PRANG TANDHING

### DURMA

1. Tan kawarna ing dalu wuwusen enjang,
   Rajeng Mutadarawi,
   anembang tengara,
   thongthonggrit puksur gurnang,
   kendhang gong gubar lan beri,
   bala Kosarsah,
   mijil atata baris.

2. Kadya wana kembang parwata dahana,
   tepung Mutadarawi,
   kapang akalangan,
   wong Medayin caruban,
   prajurit samekta sami,
   Rajeng Kosarsah,
   munggeng palangka rukmi.

3. Aglar munggeng ngarsa saprajuritira,
   punggawa lan para ji,
   tuwin kang satriya,
   kang saos ing ngayuda,
   sira Prabu ing Medayin,
   ngapit kalawan,
   Prabu Mutadarawi.

4. Baris Ngarab nimbangi tengara medal,
   kadya robing jaladri,
   sagung para raja,
   miranti baris pasang,
   Wong Agung Surayengbumi,

sampun alenggah,
ing dirgasana rukmi.

5. Para ratu ing ngarsa samya alenggah,
wijoan palowani,
para raja putra,
banjeng kang saos ing prang,
wawas winawas kang baris,
Rajeng Kosarsah,
angatag kang prajurit.

6. Amit nembah Raja Banisban Gemara,
mangsah anitih esthi,
sarwi ngundha gada,
prapteng papan susumbar,
wong Ngarab metua jurit,
sapa rep pejah,
papagna tandang mami.

7. Datan betah miyarsa Prabu Yujana,
pamit miyosi jurit,
ingiden tumandang,
sigra nitih dipangga,
kawot kapraboning jurit,
mubyar makutha,
nira binuka asri.

8. Molahaken dipangga anusup wreksa,
adhangah Sri Bupati,
sarwi main gada,
ngiwa nengen binuwang,
saking kanan maring kiri,
saking ing kiwa,
binuwang tengen malih.

9. Aliru nggon parise kalawan gada,
eram kang aningali,
prapteng raranggana,

dipanggane amapan,
aluwes kadya turanggi,
angiter mengsah,
Raja Kasrukum angling.

10. Sapa iku metu prang baud ing tingkah,
apa si Jayengmurti,
matur Patih Bestak,
punika Kewusnendar,
Ratu andeling ngajurit,
kinadang kadang,
mring Sang Surayengbumi.

11. Kedung keju tyasira Prabu Kosarsah,
maras prajurit neki,
tiwasing Banisban,
ing tandhing kalorogan,
iki ratu dhegus dhecik,
gamben wong Ngarab,
wau ta kang ajurit.

12. Wus apanggya tatanya Raja Banisban,
sapa ranmu prajurit,
apa Amir Ambyah,
sumaur Kewusnendar,
ingsun dudu Bagenda Mir,
Ratu gagala,
Yujana praja mami.

13. Ratu moncol kang ingaken saudara,
mring Sang Surayengbumi,
iki Kewusnendar,
sira sapa ranira,
ingsun Gemara Narpati,
aran Banisban,
andel Kosarsah mami.

14. Lah tah payo apa kang aneng ing sira,

tekakna maring mami,
angling Kewusnendar,
si gunung ratu mamak,
apa nora krungu warti,
lamun wong Ngarab,
prange nora ndhingini.

15. Payo desa prajamu adoh tatangga,
ratu kang becik-becik,
mung gunung lan jurang,
pojoking langit ana,
polahmu amemedeni,
mataning macan,
sira nggo memedeni.

16. Sumakeyan Ratu undhagi ing kemat,
ratuning bocah cilik
nggarap ngelmu setan,
anyilih mata macan,
sapa kang wedi sireki,
njungkir-njungkira,
nyondhol-nyondhola langit.

17. Kirun wana kirun selangana mata,
nggoning wong nora wedi,
yen prajurit arab,
ndadak erama sulap,
ambles sadhasaring bumi,
dadia padhas,
sun ejur sun geceki.

18. Asru ngucap sira Sang Raja Banisban,
den prayitna sun bindi,
angling Kewusnendar,
lah payo anggadaa,
Rajeng Gemara mrepeki,
amuter gada,
ginada Sri Bupati.

19. Pan tinangkis dening parise malela,
mubal kang punang agni,
gumuruh kang surak,
mungsuh kalawan rowang,
pinindho panggadaneki,
datan wigata,
pining tiga Sang Aji.

20. Panggadane angling Sang Raja Banisban,
Arab malesa aglis,
angling Kewusnendar,
lah iya den prayitna,
kudhunga parisa wesi,
amuter gada,
Kewusnendar ambindi.

21. Sarwi senggak panggadanira pinolah,
panggadane ngenani,
apes panangkisnya,
remuk parisanira,
apetak sira Sang Aji,
parisanira,
ngipataken tan bangkit.

22. Dadya remuk sirahe Raja Banisban,
wong Ngarab surak atri,
ebat kang amulat,
mengsah rowange samya,
klangkung ebat kang ningali,
mengsah sadaya,
susumbar Sri Bupati.

23. Kewusnendar gajahe nongklang mandhapan,
andarpa lun respati,
payo wong Kosarsah,
aja na ater bakal,
mbok metoni kang wus dadi,

ratu anistha,
nora bisa anangkis.

24. Ngendi uwong anangkis tan bisa ngipat,
angawal nora bangkit,
kakekamu apa,
nora muruk prang gada,
pantes tangkise wong becik,
angadhag-adhag,
bener ajur ndhasneki.

25. Dening kaya Wong Agung Surayengjagat,
tanggon panangkisneki,
liyane tan ana,
yekti gelar pangulah,
yata wau ingkang prapti,
munggeng dipangga,
sira Raja Brekiwis.

26. Sapa ranmu wong Ngarab kang metu ing prang,
ya Kewusnendar mami,
lah ta sira sapa,
ingsun andel Kosarsah,
ing Sondhe Raja Brekiwis,
gumuyu latah,
Kewusnendar Narpati.

27. Mene busuk kaya si Raja Banisban,
angur mundura aglis,
aja aparang gada,
iya lan Kewusnendar,
jenengmu Raja Brekiwis,
dudu manungsa,
apa putuning dhemit.

28. Negaramu Sondhe apa pengalasan,
mbok sing akeh sethithik,
ngarani nagara,

miwah ngarani raja,
ing Sondhe Raja Brekiwis,
pantesmu uga,
mung dadi tukang roti.

29. Aja dadi sira ratu nora asal,
nyorengi bumi langit,
anauri sugal,
apa praduli sira,
buyutingsun Raja Belis,
si Kaki aran,
ing Sondhe Raja Pranit.

30. Raja Brehek iku arane si bapa,
ya Sondhe den ratoni,
buyut kaki bapa,
kabeh ratu prakosa,
Kosarsah tan ana maning,
ratu andel prang,
amung wong tuwa mami.

31. Aja mejanani prajurit Kosarsah,
Kewusnendar ngengoni,
mesem gowek ngucap,
uwis aja dinawa,
teka enek ati mami,
arep amutah,
ngrungu ujarmu iki.

32. Nadyan silih tedhake Nabi Suleman,
lamun datan prayogi,
badanmu sapata,
miwah cubluk ing aprang,
agawe saranging bumi,
dedegmu kasar,
ulatmu tan patitis.

33. Teka ura dagingmu kaliwat wadhag,

cahyamu ngolang-ngaling,
kuwur ting balesar,
kudu ngili mring alas,
sukan ana ing sireki,
yen jaman Arab,
mantri kowe tan dadi.

34. Lah mbok aja gumagus amata macan,
bubarake tokiyik,
aja nunggang gajah,
langite garundelan,
asugal Raja Brekiwis,
payo gage prang,
den prayitna sun bindi.

35. Muter gada mrepeki sigra anggada,
Kewusnendar nadhahi,
malangkrik sikutnya,
payo ping seket engkas,
mbok aja mungsuh sireki,
lan Kewusnendar,
si Kasrukum kon mijil.

36. Iku ana pantese si Kewusnendar,
sugal Raja Brekiwis,
hah Arab malesa,
aja kakehan ujar,
gumuyu abelik-belik,
nora kayaa,
ameksa kudu jurit.

37. Medhun saking dipangga Sri Kewusnendar,
gajahira Brekiwis,
sinampe ing gada,
pejah sirahe pecah,
cinandhak Raja Brekiwis,
den ikal-ikal,
binantingaken siti.

38. Kadya guntur surake bala ing Ngarab,
prapta Raden Marsadi,
analeni sira,
Rajeng Sondhe katawan,
mundur kaseput ing wengi,
dalu bujana,
Wong Agung Jayengmurti.

39. Kewusnendar saklangkung sinungga-sungga,
kamulyan amenuhi,
babandaning raja,
sinrahken Umarmadya,
Raja Kasrukum winarni,
dalu bujana,
lan prajurit para ji.

40. Lawan Prabu Nusirwan sami ndrawina,
Sang Prabu Samasrawi,
aglar kang prawira,
Kasrukum angandika,
iki sun awas pribadi,
si Kewusnendar,
tuhu Ratu prajurit.

41. Asembada ulese si Kewusnendar,
pilih kang para Aji,
kaya Kewusnendar,
iya sapisan engkas,
pan ingsun arsa udani,
prajurit Arab,
bebeciking ngajurit.

42. Patih Bestak ature masih kapara,
awrat Raja Yunani,
ulesipun samya,
lereh pan mboten ladak,
pupukule akuwangi,
kang para raja,
nadhahi pan kawuri.

## XXVIII. WONG AGUNG SABALANIPUN KENGING KEMAT

### PANGKUR

1. Ing dalu tan winursita,
   enjing muni tengaraning ngajurit,
   kendhang gong umyang gumuruh,
   teteg awor sauran,
   rowang mungsuh gurnang thongthonggrit lan puksur,
   wus mijil ing pabarisan,
   rowang mungsuh amiranti.

2. Kepung barise kalangan,
   Wong Agung sami munggeng ing kursi,
   myang wijoan palowanu,
   aglar Bupati Raja,
   anjenengi sowang-sowang barisipun,
   amunggeng ing dirgasana,
   Wong Agung Surayengbumi.

3. Ambanjeng kang para raja,
   myang sagunging kang para raja siwi,
   sira Sang Raja Kasrukum,
   munggeng ing palongka mas,
   para ratu aglar kanan keringipun,
   ingatag prawiranira,
   kang sami andeling jurit.

4. Sira Sang Nata ing Pardhan,
   nitih esthi nengah mangsah ing jurit,
   Raja Bulender anguwuh,
   wong Ngarab metonana,
   iya aja wong Ngarab gora gumuyu,

oleh papati babandan,
iku pra ratu paminggur.

5. Prajurite wong Kosarsah,
ingkang kari akeh kang becik-becik,
Gustiku Raja Kasrukum,
lalangrat pramudita,
durung tau kasoran Raja Kasrukum,
heh sagung prajurit Arab,
ya eling sira den eling.

6. Wau tan betah miyarsa,
amit nembah Sang Rajeng Burudangin,
saksana wau umagut,
nitih dipangga buntal,
kawrat sagung gagamaning aprang pupuh,
wong Ngarab surak gumerah,
yayah anengker wiyati.

7. Sampun panggih yun-ayunan,
atatanya Sang Raja Burudangin,
wong Kosarsah sapa ranmu,
sumaur Rajeng Pardhan,
ingsun Raja Bulender andeling pupuh,
sira sapa aranira,
ingsun Rajeng Burudangin.

8. Iki si Tasangsulngalam,
Ratu ipe nagri geng Burudangin,
sinembah samining ratu,
lah endi Ratunira,
ing Kosarsah iya si Raja Kasrukum,
aprang tandhing lawan ingwang,
sira iku tan prayogi.

9. Raja Bulender asugal,
aja sira angajap Gusti mami,
mbesuk Sang Raja Kasrukum,

iku atandhing aprang,
Gustinira kalana Anjayeng Satru,
den prayitna ingsun gada,
akudhunga paris wesi.

10. Mrepeki amuter gada,
gya pinupuh Sang Nata Burudangin,
tinangkis parisanipun,
kontal panggadanira,
kaping kalih kaping tiga denya mupuh,
suraking bala gumerah,
rowang mungsuh ambarengi.

11. Ganti ing panggadanira,
sigra angiing Sri Maha Burudangin,
heh Bulender apa uwus,
katog panggadanira,
apa isih kari pamukulireku,
nauri payo malesa,
sigra Rajeng Burudangin.

12. Ngadeg ing palana lawak,
tutumpukan palu rante tinarik,
ingikal-ikal mandhutur,
gumebyar sunarira,
kadi kilat kumilat eram kang ndulu,
rante mas wrat kalih belah,
sewu limangatus kati.

13. Sinabet Sang Rajeng Pardhan,
pan kapulet lan esthine Sang Aji,
tinarik rante mas sampun,
Raja Bulender Pardhan,
sampun pepes awor lan dipangganipun,
sumyur sinabetken lemah,
wus awor kalawan siti.

14. Wong Ngarab surak gumerah,

samya eram sagung mungsuh ningali,
durung ana para ratu,
mangkono tingkahira,
ing ngayuda tatanya Raja Kasrukum,
umatur Kya Patih Bestak,
inggih Rajeng Burudangin.

15. Pun Raja Tasangsulngalam,
Ratu ipe Sumbaga ing ngajurit,
angling Sang Raja Kasrukum,
abot-abot wong Ngarab,
wus tetela tan kena kinasap iku,
heh Bestak sira undhanga,
ing mbesuk Sri Masrukakim.

16. Sang Rajeng Gelidar prapta,
munggeng liman Bugarjuk asru angling,
heh Ratu sapa aranmu,
prangmuka gila-gila,
apan Rajeng Burudangin iya ingsun,
pan ipene ingsun iya,
Wong Agung Surayengbumi.

17. Lah sira sapa ranira,
iya Prabu Gelidar Ratu luwih,
paparab Raja Bugarjuk,
den prayitna sun gada,
dyan amupuh sira Sang Prabu Bugarjuk,
katulak panggadanira,
ing palu rante mulati.

18. Sinangga putung kang gada,
sigra limanira Sri Narapati,
sinabet salukunipun,
kagubed Sri Narendra,
ing rante mas rebah lan dipangganipun,
sinendhal palu rante mas,
sareng ajure lan siti.

19. Wong Ngarab surak gumerah,
ratu roro prang lan Sri Burudangin,
kasabet lan sinakekun,
ajur amor bantala,
samya cingak andulu pratingkahipun,
Sang Prabu Rasangsulngalam,
Narpati ing Burudangin.

20. Kasaput dalu semana,
tinetegan mundur ingkang ajurit,
lajeng bujana ing dalu,
umung senggak wurahan,
yata wau sira Sang Raja Kasrukum,
bujana lan para nata,
santana satriya mantri.

21. Rajeng Medayin kalawan,
Samasrawi ngandika ing prajurit,
tan kena ginampang iku,
prajurite wong Ngarab,
tuhu abot sinangga pamukulipun,
sandhang pat pitung sandhangan,
lan ratu liya liyaning.

22. Dadya sami tan metu prang,
rewang mungsuh akendel ayem sami,
mangkana ingkang winuwus,
Masrukakim tumama,
kematipun nuju pinundhutan pupuh,
pupuh pamasange netra,
liwat kang terang kinardi.

23. Karaos padhanging netra,
angandikakaken kang para Aji,
kalamun dhudhukunipun,
saged mupuh ing netra,
liwat saking kapenak padhang satuhu,
kaya pulih mata bocah,

lagi pangrasaning ati.

24. Dadya umatur kang suda,
tingal sepuh kathah kang para Aji,
sami anuwun ing pupuh,
kathah kang kaparingan,
amung para raja putra datan sinung,
dening misih rare padha,
lawan Prabu Burudangin.

25. Punika kang dereng suda,
ing paningalira pan maksih kadi,
kala katimuranipun,
sadaya sami eca,
pan karaos padhang ingkang para ratu,
Masrukakim aturira,
wonten maling kang satunggil.

26. Punika saged mulihna,
kadi bocah nanging empane sakit,
yata matur para ratu,
inggih Tuwan paringa,
ingkang babaripisan sakite Pukulun,
namung padhang babarpisan,
rembag kang para narpati.

27. Pinudhutaken saksana,
linadosan ingkang para narpati,
tuwin Sang Pramodyeng Satru,
anrepaken pamungkas,
pupuh netra cinidra ingkang padumuh,
ingkang pamaining netra,
sigra minggat Masrukakim.

28. Maring pondhokaning mengsah,
ingkang kari sami sakit kapati,
cadhok mamar lamur dumuh,
kanthi kang para nata,

wus angrasa yen panggawe tan satuhu,
upaya pangendrajala,
kinen nyepeng Masrukakim.

29. Duk kesah sing pamondhokan,
tan na wikan yen medal Masrukakim,
awor pakuwoning mungsuh,
ngungun kang amiyarsa,
estu lamun cundaka amarasadu,
gumuruh kang para nata,
nanging ta Sang Jayengmurti.

30. Wus ilang sipating netra,
putih ireng wus awor dadi kuning,
wus tanpa ningali sagung,
narendra keni cidra,
Masrukakim matur mring Raja Kasrukum,
yen sampun kalebon kemat,
Wong Agung Surayengbumi.

31. Cadhok ingkang para nata,
gya tengara enjing miyosi jurit,
Wong Agung parentah sampun,
animbangi tengara,
gerah-gerah ature kang para ratu,
Jeng Tuwan sampun tumedhak,
munga kang para narpati.

32. Wong Agung Surayengjagat,
nadyan gerah nedya miyos pribadi,
sakite apan wus mantun,
namung sangeting wuta,
samya kaku tyasira kang para ratu,
ingkang ora tau wuta,
sedhih langkung brangta kingkin.

## XXIX. RADEN PIRNGADI MANGSAH PRANG

### ASMARADANA

1. Prajurit Mutadarawi,
miwah prajurit Kosarsah,
ingundhangan para katong,
samya amepek kang wadya,
nggepuk baris wong Ngarab,
kinarya aprang garubuh,
wadya gung sampun atembak.

2. Para ratu para dipati,
tuwin satriya punggawa,
wus samekta titihane,
lajeng prapta ing paprangan,
Wong Agung misih lenggah,
ing dirgasana mas murub,
kagyat Sang Raja Kosarsah.

3. Dening ta Sang Jayengmurti,
misih njenengi ngayuda,
Masrukakim lon ature,
suwawi Tuwan priksaa,
tatanya pasanggrahan,
nulya kathah kang umatur,
inggih gumyah ing pawarta.

4. Saking kedah amiyosi,
nanging netra sanget wuta,
lang sagung para ratune,
kang sepuh-sepuh sadaya,
kajawi para putra,

miwah ingkang para ratu,
kang anom tan tumut wuta.

5. Yata Prabu Samasrawi,
lawan Sang Rajeng Kosarsah,
parentah ing prajurite,
metua tandhing sakedhap,
antuka rong gebyaran,
nuli apranga garubuh,
tan ilang kramaning raja.

6. Prajurit Mutadarawi,
sira Sang Raja Lulkiyah,
Raja Adabil namane,
amit miyosi ngayuda,
nitih turangga pelag,
wus majeng anguwuh mungsuh,
wong Ngarab metua aprang.

7. Sira Rahaden Pirngadi,
amit ingiden umangsah,
nitih turangga binarong,
wus prapta ayun-ayunan,
tanya Rajeng Lulkiyah,
heh satriya sapa ranmu,
wong Ngarab kang metu ing prang.

8. Ya ingsun Raden Pirngadi,
satriya nagara Selan,
Lamdahur Putra ya ingong,
iya kang ingaken putra,
mring Sang Surayengjagat,
putra andeling prang pupuh,
Raden Pirngadi raningwang.

9. Sira Narendra ing ngendi,
sigra anauri sugal,
Raja Ardabil raningong,

den prayitna ingsun gada,
Raja Putra ing Selan,
saksana wau pinupuh,
tangkis parise legawa.

10. Panggadane tan wigati,
kaping kalih kaping tiga,
heh Arab malesa age,
Pirngadi angangkat gada,
Ardabil gya ginada,
tuna dungkap tangkisipun,
Pirngadi malih anggada.

11. Pinindho tinitir-titir,
kaledhon panangkisira,
kapalesat parisane,
gada nempuh sirah kuda,
turangga kapisanan,
tiba kabanting Sang Prabu,
Ardabil wus karengkalan.

12. Tedhak Rahaden Pirngadi,
Raja Ardabil cinandhak,
ingangkat ingikal age,
binanting tiba kantaka,
Raden Mardani prapta,
tinalen tinampanan sampun,
sira Sang Rajeng Lulkiyah.

13. Prapta sakawan narpati,
Raden Pirngadi kinepang,
sigra nitih turanggane,
Raden sampun narik pedhang,
kinembul lan binut pat,
Rajeng Burudangin gupuh,
mangsah amelak dipangga.

14. Prapteng rana asru angling,

anak mas age mireya,
Raden Pirngadi wotsinom,
Paman kawula satunggal,
ingkang tiga sampeyan,
palu rante ingulur,
ingikal ngadeg palana.

15. Sinabet Narendra katri,
karangkus katiga pisan,
tinarik kang palu rante,
sinabetken ing lemah,
sumyur katiga pisan,
Raden Pirngadi amuwung,
ing pedhang mungsuh ing durma.

## XXX. PRANG BRUBUH

### DURMA

1. Pejah kampat prapta kang prajurit kathah,
   gumulung pra dipati,
   Dyan Pirngadi sigra,
   nolih ing wuri nulya,
   angawe sagung prajurit,
   prapta sadaya,
   wong Selan Burudangin,

2. Molah nengah palu rantene ingura,
   sumiyut mobat-mabit,
   kang katrajang lunas,
   seket satus pan sirna,
   miwah Rahaden Pirngadi,
   lan para putra,
   umangsah ngobrak-abrik.

3. Ingaturan kundura amasanggrahan,
   Wong Agung Jayengmurti,
   lawan para nata,
   njarag tempuhing mengsah,
   karya penyadhok puniki,
   empaning gelar,
   Sang Raja Burudangin.

4. Angaturi nanging Wong Agung tan arsa,
   sigra nitih turanggi,
   tuwin para nata,
   sami meksa angatag,
   pangayape kang ngampingi,

dadya tan taha,
pinapag anumpesi.

5. Rajeng Burudangin dadya gugunungan,
samadyane ngajurit,
sangsaya gung risak,
ingkang kaarsa sirna,
mring Sang Prabu Burudangin,
mangkya atusan,
palu rante tuk neki.

6. Langkung rame amor ruket mawurahan,
brak-bruk tibaning bindi,
kemprang ingkang pedhang,
tibeng tangkis kasingsal,
wadya Arab wuru getih,
liwunging yuda,
sumawur angrampasi.

7. Sangsaya gung prajurit rebah nggelasah,
saking ramening jurit,
liwung pangamuknya,
Prabu Tasangsulngalam,
panutaning pra prajurit,
yen bingung mulat,
Sang Rajeng Burudangin.

8. Pangayape kukuh kang mantri prameya,
ratune mobat-mabit,
tumpes kang kaarsa,
wuri akathah prapta,
Kosarsah Mutadarawi,
datan kawarna,
ramene kang ajurit.

9. Prapteng dalu kumpule sagung prawira,
Wong Agung den aturi,
rumiyin kondura,

lan sagung para nata,
kang sami nandhang wuteki,
nganti ing wuntat,
Sang Rajeng Burudangin.

10. Pan gumuruh sadaya aluru rowang,
ana ingkang anangis,
kadangnya palastra,
ana uwake pejah,
akethen kang suluh lilin,
sami amapag,
mangkana sampun prapti.

11. Ing pakuwon lajeng sami paguneman,
sagung para narpati,
angiras bujana,
Lamdahur ingaturan,
ing Putra Raden Pirngadi,
kang darbe rembag,
bandan Raja Ardabil.

12. Aturira awrat Sang Prabu Kosarsah,
tuwin Mutadarawi,
yen sampun prang resah,
kemate antuk papan,
benjing punika meraki,
upase pumpa,
tiba madyaning jurit.

13. Pasthi kethen wadya keni upas pumpa,
mbalasah tumpes tapis,
nggulinting sadaya,
datanpa kanin rebah,
yen benjing wus prang ping katri,
tuwin kaping pat,
sanjata pumpa prapti.

14. Luwung inggih ngupadosa ingkang kiwa,
pados ingkang prayogi,

tuk papan ngupaya,
kinira wus prayoga,
yen bala punika panggih,
mempet ing kitha,
pinumpa mboten keni.

15. Sabab kori saketheng jinaganan,
amung madyaning jurit,
adate kang pumpa,
sigra atur mangkana,
ing Wong Agung Jayengmurti,
kang para nata,
rembag atur prayogi.

16. Kinen mbekta lalaran Raja Lukiyah,
prapta Prabu Ardabil,
ing sapamulanya,
Wong Agung angandika,
sira Sang Raja Ardabil,
duwe pangucap,
marang ing anak mami.

17. Si Pirngadi Raja Ardabil turira,
inggih adate nguni,
yen sampun prang gebyah,
prapta kang upas pumpa,
kyehning wadya gumalinting,
yata ngandika,
Wong Agung Jayengmurti.

18. Laraningsun mangkene sapa kang karya,
matur Raja Ardabil,
uwite punika,
titiyang saking Dara,
suwiteng Mutadarawi,
kinen gurua,
ngelmu kang menyakiti.

19. Angguguru dhateng Kya Patih Buwawas,
panyadhok den wuruki,
dupi mangke prapta,
inggih Rajeng Kosarsah,
mundhut dhukun Masrukakim,
Rajeng Kosarsah,
mulang ingkang pramati.

20. Kala maksih Tuwan amor ing suwita,
ingandikan ping kalih,
momoripun medal,
Wong Agung angandika,
yen mangkono karsa mami,
becike uga,
age kulup Pirngadi.

21. Uculana taline wulangen iman,
yeku Raja Ardabil,
sampun linuwaran,
sinadataken nulya,
angraup padaning Amir,
mundur turira,
maring Raden Pirngadi.

22. Angger utusana ing njawi mariksa,
papatih kula prapti,
yekti analika,
pejah gesang kawula,
pinariksa wus apanggih,
Patih Lulkiyah,
ngunthul pratanireki.

23. Patih Kuswel binakta maring ngajengan,
setya tuhu ing Gusti,
Ardabil lingira,
Patih sira balia,
maring pakuwoning glis,
sabalanira,

gawanen prapteng ngriki.

24. Ing sawengi iki nuli budhalena,
Patih Kuswel wotsari,
medal praptanira,
ing pakuwon gya prapta,
sanega pating kalesik,
samekta budhal,
balanira sakethi.

25. Sampun njujug awor pakuwon ing Selan,
tigang menut wus prapti,
gya samya rembagan,
kados pundi ecanya,
umatur Raja Ardabil,
suwawi Tuwan,
saha bala puniki.

26. Lumiriga maring nagari Lulkiyah,
aso ngupaya budi,
anyinggahi pumpa,
upas Rajeng Kosarsah,
rempeg sagung para Aji,
sampun ginanjar,
sira Raja Ardabil.

27. Lawan kinen manjinga bapa lan anak,
lawan Putra Pirngadi,
wus teguh tyasira,
Aradabil paparentah,
ing Patih jempana joli,
Jeng Gusti gerah,
pinucung cempaneki.

## XXXI. PRABU TASANGSULNGALAM KETATON

### PUCUNG

1. Para ratu sadaya asih kalangkung,
   lawan wus pracaya,
   antepe Raja Ardabil,
   tinurutan undhang mring nagri Lulkiyah.

2. Kang rumuhun sagung rerepot pinikul,
   lan unta momotan,
   blegdaba senuk karendhi,
   Patih Kuswel angiring sagung momotan.

3. Pan Wong Agung jinempana lampahipun,
   badhe byar raina,
   kerid Sang Raja Ardabil,
   sakathahe rerepotan dalu budhal.

4. Ingkang kantun badhe ngawaki prang pupuh,
   para Raja Putra,
   Sang Rajeng Rum Burudangin,
   senapati gugununganing ngayuda.

5. Sampun putus sakathahe kang rinembug,
   gantya winurcita,
   pakuwon Mutadarawi,
   ing Kosarsah ing dalu samya bujana.

6. Gunemipun ngandika Raja Kasrukum,
   yayi Purwakandha,
   prang iki ing benjing enjing,
   Rajeng Burudangin badhe kinakathah.

7. Jer mung iku nora milu keni pupuh,
cadhok nora kena,
misih anom ratu luwih,
durung ana karasa matane ika.

8. Kabeh uwus bebecike padha dumuh,
si Tasangsulngalam,
Ratune wong Burudangin,
kari siji sektine kagila-gila.

9. Mbesuk esuk iku bae kinarubut,
sakehe prawira,
kang padha sikep ajurit,
angumpula ywa akeh ingkang sinedya.

10. Kinarubut ngong dhewe njenengi mbesuk,
yayi Purwakandha,
angawakana pribadi,
ya si Jedhi metua prang saking wiyat.

11. Pan kasaru wonten duta kang umatur,
yen bala Lulkiyah,
kebut ing sami sawengi,
Patih Kuswel sabala sami aminggat.

12. Minggatipun wus awor pakuwonipun,
saha bala Ngarab,
mangke pun Raja Ardabil,
ginesangan kinanthi pakewuh ing prang.

13. Yata wau datan kawarna ing dalu,
enjing atengara,
gumuruh gurnang thonthonggrit,
gubar beri teteg ewon asauran.

14. Wus ambrubul barise Raja Kasrukum,
prajurit wus medal,
Kosarsah Mutadarawi,
ambelabar wong Medayin wong Talsiyah.

15. Budhalipun Wong Agung ingkang rumuhun,
baris para putra,
anggabag mepeti wuri,
saha bala kuswa wahana baranang.

16. Nitih sampun sira Sang Prabu Tasangsul,
Ngalam pan ingayap,
prajurit ing Burudangin,
pan andhendheng kadya tedhuh ing ngawiyat.

17. Pan gumuruh tengaranira gumuntur,
tetega sauran,
prajurit ing Burudangin,
sareng mangsah lan prajurit paraputra.

18. Kadya alun ayutan turangga ngayun,
prajurit dipangga,
akethen tan kadi wingi,
kapan wuwuh iku ta prajurit Ngarab.

19. Kang umatur puniku pan dede bantu,
duk ing wingi mapan,
ukur baris anjajari,
ing prang tandhing mangke milane akathah.

20. Sampun tamtu mungsuh kudu prang garubuh,
sayekti kerigan,
kang wonten pakuwon sami,
mijil ing prang dhasar balane awendran.

21. Balanipun ingkang para raja sunu,
kathah kang wahana,
mendaha sampun amulih,
Raja Putra titiga dhateng Kuparman.

22. Yata gupuh parentah Raja Kasrukum,
sareng nempuh rampak,
prajurit sikep jemparing,
angebyuka Sang Raja Tasangsulngalam.

23. Paser tulup gandhi cacap lawan duduk,
amung kang binotan,
Sang Prabu ing Burudangin,
kadya guntur suraking mungsuh lan rowang.

24. Kadi gunung atempur samining gunung,
kehe kang prawira,
angrok ing papan mangungkih,
ingajengan sagung para Raja Putra.

25. Dimen bingung aja kongsi bisa ngepung,
lan enggenira Sang,
Narendra ing Burudangin,
ingkang pinrih kinarubut para raja.

26. Anelambung sira Sang Raja Kasrukum,
anrakaken bala,
angudani kang jemparing,
paser duduk ing Raja Tasangsulngalam.

27. Sanga Prabu pangayapira kang pengkuh,
neng palana lawak,
amalu amobat-mabit,
sangsayewon mungsuh tumpes ing rante mas.

28. Yata wau Patih Jedhi aneng luhur,
angayati panah,
marang Rajeng Burudangin,
dyan lumepas kena wentise kang kiwa.

29. Yata wau Burudangin sigra lungguh,
punggawa dinuta,
matura ing Gusti Amir,
sin katiban sanjata saking ngawiyat.

30. Wentisipun kang kiwa ingkang kacundhuk,
punggawa anyongklang,
mundur Rajeng Burudangin,
lenggah aneng luhur palana lalawak.

31. Duk andulu sagung para Raja sunu,
yen dipangganira,
Sang Prabu ing Burudangin,
minger mundur semune anandhang brana.

32. Nulya sagung ingkang para Raja sunu,
neng wurine samya,
anggarebeg kanan kering,
alon-alon undure prajurit Ngarab.

33. Anut pungkur Wong Agung ingkang rumuhun,
wau kang punggawa,
kacandhak nembah ing Amir,
Gusti rayi Paduka anandhang brana.

34. Wentisipun kang kiwa anandhang tatu,
tuwin dipun enggal,
manawi mengsah agungsir,
datan kendel jempana maksih sarkara.

## XXXII. DEWI ISNANINGSIH TUTULUNG PRANG

DHANGDHANGGULA

1. Nembah matur Sang Raja Ardabil,
mboten purun amelak ing lampah,
sampun pinikir adate,
wong Ngarab yen kaburu,
mboten kena kalamun pinrih,
rusaka aneng marga,
yekti soroh amuk,
aturipun Patih Bestak,
milanipun den eca lampahing baris,
dadya eca lumampah.

2. Wadyeng Kosarsah Mutadarawi,
kadya sami angiring kewala,
mring bala Ngarab lakune,
tan ana purun nempuh,
maring bala Arab pan ajrih,
apan sedhenge marga,
Lulkiyah wus rawuh,
sadaya manjing ing kitha,
sira Raja Ardabil papatih neki,
kang wus rumiyin mapag,

3. Wus amanjing ngadhaton Jeng Amir,
sagung ingkang pra Raja lan bala,
sinaosan pakuwone,
wadyeng Lulkiyah sampun,
pinarapat tengga nagari,
saanak rabinira,
pan daleme sampun,
sinrahaken bala Ngarab,

para Ratu ngenggeni wismeng Dipati,
Raja Tasangsulngalam.

4. Pinarnahken pakuwon sitinggil,
dening sanget kanin saking panah,
Ardabil langkung sukane,
ngenting denya susuguh,
denya ngantos tamiyan Gusti,
saketheng binarisan,
lalarane sampun,
lami ingilenan toya,
palatare apanggung wus den jagani,
tugur kang adipatya.

5. Mengsah sami ngepang saking tebih,
Rajeng Kosarsah lan Purwakandha,
kinerig balane kabeh,
atrap pakuwonipun,
akikitha kokojor sami,
suka pangrasanira,
Sang Raja Kasrukum,
wong Ngarab kagem ing ngasta,
sampun aneng kanthong Sang Jayengdimurti,
mangkana winursita.

6. Ki Umarmaya agung anangis,
kaku tyasira candhok andadra,
usada keh tanpa gawe,
mila Sang Jayengsatru,
pira-pira usada prapti,
miwah kang para nata,
datan kena mantun,
malah akaku ing driya,
kudu samya angajak metoni jurit,
suka mati lan mengsah.

7. Wau pangepunge ambathithit,
datan kena sawiji wong medal,
wong ing jro priahtin kabeh,

kang para Raja sunu,
samya amit miyos ing jurit,
nanging datan kalilan,
amuwuhi ing kung,
muwuhi kaprihatinan,
ing gerahe Wong Agung lan para Aji,
Wong Agung pan angrasa.

8. Lagi kena sisikuning Widhi,
anglairaken anggep gumampang,
angenthengaken mungsuhe,
kalempit ing tyasipun,
duk ngandika mring garwa kalih,
Parangakik Karsinah,
miwah para sunu,
kinen bubar mring Kuparman,
pangrasane mungsuhe kari anggawing,
dhawuh sisikuning Hyang.

9. Angandika mring Raja Ardabil,
heh Ardabil jro kadhaton nora,
ana ta guwa gununge,
miwah ta kebon agung,
ingkang mindha pawanan nenggih,
Ardabil nembah turnya,
pan inggih Pukulun,
amba adamel pamujan,
kang pinindha duk Nabi Mungsa ing nguni,
wonten ardi Tursina.

10. Pinanggihan ing Hyang Maha Suci,
kalamun ajat aneng Tursina,
puniku ing pangarsane,
sagung ingkang pra Ratu,
ingkang sami gama Yahudi,
malah warni sakawan,
gangsal guwanipun,
Wong Agung lon angandika,

resikana iku arsa sun enggoni,
salawasingsun lara.

11. Arsa ngujlat neng jro guwa mami,
wus mangkono Wong Agung neng guwa,
dening kang tunggu balane,
Umarmadi Lamdahur,
lawan sagung kang para Aji,
dening kang tumut ngujlat,
sarta niyatipun,
Wong Agung ing Parangteja,
Umarmaya tan kantun lan Yusupadi,
neng guwa sowang-sowang.

12. Dening Prabu ing Rum Burudangin,
pinasrahan yen metua ing prang,
kang mangka senapatine,
wau ta kang manekung,
ya Wong Agung Surayengbumi,
tobata den apura,
mring Hyang Maha Luhur,
mugi ta ingapuraa,
minulyakna sakite sawadyaneki,
kang sami nandhang wuta.

13. Wus alami bala Ngarab sami,
duk kinepung neng nagri Lulkiyah,
Raja Ardabil kithane,
nagri alit kinepung,
barisira pinepet sami,
dadya awis kang tedha,
kuneng kang winuwus,
Sang Prabu Tasangsulngalam,
utusane mring nagri Rum Burudangin,
andhatengaken beras.

14. Katur mring Sang Raja Putri kalih,
yen kang raka kalihipun gerah,
keni ing cidra yudane,

klawan Raja Kasrukum,
asiyaga Sang Putri kalih,
mapag kaprajuritan,
kumpul balanipun,
Dewi Isnaningsih lawan,
ingkang putra Dewi Jetun Kamarukmi,
sakarine kang tengga.

15. Para ratu samya den undhangi,
siyageng prang mring nagri Lulkiyah,
tutulung ing prang badhene,
langkung ing sukanipun,
putra kalih angajak jurit,
yen sampuna cinegah,
sareng lan kang ibu,
Raden kalih kadi mbedhal,
duk puniku Sang Putri wus den aturi,
pratikele kang mengsah.

16. Dadya ngupaya dhukun Sang Putri,
kang nimbangi sikire Kosarsah,
pandhita luwih ampuhe,
midhukun wukir Artus,
nami Ki Seh Kakim Maridin,
tukang sikir punika,
guruning pra ratu,
kang ngagem sulap lan kemat,
sadayane pan saking Kakim Maridin,
langkung saking katrima.

17. Wus binedhol Seh Kakim Maridin,
kabeh anak putune binekta,
neng Burudangin ginawe,
tengga ing puranipun,
yen sun kalah amangun jurit,
lawan Prabu Kosarsah,
si Raja Kasrukum,
kabeh dadi duwekira,
saisine ing pura Rum Burudangin,

mangsa ingsun uripa.

18. Lamun kasor Kyai Jayengmurti,
lawan Sang Prabu Tasangsulngalam,
tumpes sabrayatku kabeh,
sasanak dagingingsun,
aja ana kang kari siji,
nungkul mangsa biasaa,
maring Sri Kasrukum,
Ki Kakim Maridin myarsa,
upatane Raja Putri Isnaningsih,
alon ing aturira.

19. Adhuh Gusti Sang Raja Pinutri,
kadi mboten dhateng sapunika,
Wong Agung lajeng asore,
raka Tuwan Pukulun,
srana ing prang pan maksih sugih,
lagi tinagih coba,
ing kapesanipun,
sedane raka andika,
inggih benjing yen lahir panutup Nabi,
salin sarengat mulya.

20. Raka Tuwan Jeng Sri Burudangin,
benjing meningi Nabi panutan,
sak Allah ujare reke,
tumut akasang kusung,
ing andhahan andika Nabi,
tan pisah lan kang raka,
Gusti Jayengpupuh,
masuk sakabat minulya,
mangkya lagi sinung apes ing ngajurit,
mangsa ndadak sawarsa.

21. Mangke Gusti saweg kawan sasi,
kirang kalih sasi kalenggahan,
inggih antuke unggule,
yen benjing prang Pukulun,
inggih dipun angati-ati,

mungsuh Ratu Kosarsah,
Sang Raja Kasrukum,
kathah ngelmunipun kemat,
upas pumpa punika kang amedosi,
anumpesaken mengsah.

22. Iya sira sun andel ing benjing,
lamun metu prang upase pumpa,
tulaken pangabarane,
Kakim Maridin matur,
inggih sampun awalang galih,
nanging panuwun amba,
anamung puniku,
sirnane kang brekasakan,
Putra Tuwan Wayang Paduka Jeng Gusti,
Radyan Arismunandar.

23. Lawan Rahaden Ambyah Katamsi,
rumuhuna minangka manggala,
kula ing reh pratikele,
kadi Raja Kasrukum,
inggih sikiripun kaka balik,
sami kantu ing rana,
mangkana pan sampun,
dadi sagung kang rinembag,
Raja Putri angerig wong Burudangin,
sagung kari neng praja.

24. Tigang atus kang para narpati,
ingundhangan ngeriga tunggangan,
sarta lawan momotane,
unta bihal lan senuk,
blegedaba kalawan sapi,
puhan miwah wowotan,
wonten duta rawuh,
kang badhe nututi lampah,
Rum Samtari ing Turki kang badhe ngirim,
nigang kethi wowotan.

25. Kadangipun Raja Sarkap Turki,
lan kang paman Iskal lan Iskalan,
anyakethi prajurite,
badhe sareng Sang Ayu,
duk cinacah ing Burudangin,
sarupaning momotan,
beras miwah gandum,
lawan para papanganan,
cinacahken kapanggih salawe kethi,
undhanging Sang lir Retna.

26. Amung bocah limang kilan kari,
saben salaksa unta kewala,
mementere wong tuwane,
budhal Sang Retna sampun,
balanira kadi jaladri,
iya mangsa anaa,
kadya tanahing Rum,
bumi papat kang kaweca,
ngalam donya Ngarab Rum Ngindi Ngabesi,
kang loh amung satunggal.

27. Mung tanah Rum kang eloh pribadi,
sorsorane ing Rum tanah Ngarab,
tanah Ngarab sorsorane,
tanah Ngindi Puniku,
sorsorane tanah Ngabesi,
apan kinarya dhahas,
sampun pasthinipun,
sakidulipun sagara,
tan kena wor ing masrik prapta ing mahrib,
mung Ngabesi kewala.

28. Agamane dereng salin-salin,
agama Nabi Adam punika,
salin ping nem sarengate,
ing Ngabesi tinutup,

amung kedhik sami agami,
Ibrahim sabangsamya,
sawewengkonipun,
Raja Sadat Kabulngumar,
saturune sabab nagarine pirit,
sipat lan tanah Arab.

29. Ingkang ngetan kilen tan udani,
kang tan pirit lawan tanah Arab,
tan srawungan sajeg-jege,
apan ta ana weruh,
lamun ana nagari malih,
amung Ngabesi Sadat,
katon tanahipun,
anggenggeng saking ing Ngarab,
Ratu pitung ewu agama Ibrahim,
wetan kulon tan wikan.

30. Tanah sawarsa lampahaneki,
sawengkone dharat Kabulngumar,
Kadarisman nutugake,
benjing ngengehanipun,
ing laire andika Nabi,
bisa nabrang mring Ngarab,
wong Ngabesi iku,
kang jajahan seket warsa,
lan sawarsa ingkang mungsuh Kangjeng Nabi,
amung ingkang sawarsa.

31. Sawarsa mubeng jajahaneki,
rerehane Sadat Kadarisman,
pitungewu narpatine,
kuneng mangsuli catur,
wau baris ing Burudangin,
Sang Retna munggeng limar,
pinelanan kurung,
rinawis nila mutyara,

wuwung rukmi tinaretes ing hergeni,
muncar saking mandrawa.

32. Tabid kaki wau Ki Mahridin,
eram dulu denira tumingal,
agenging baris lampahe,
nanging paparon iku,
momotaning lawan prajurit,
nanging ragi kapara,
kyeh momotanipun,
Kakim Maridin samana,
langkung ngungun bobote Sang Raja Putri,
tulung prang tulung pangan.

33. Malah ing dalu kongsi akepi,
alon umatur aneng ing marga,
dhuh Gusti den wingit angger,
kula supeneng dalu,
tinarima lampah Sang Dewi,
tulung prang tulung pangan,
benjing-benjingipun,
prapta ing kiyamat sura,
Ratunipun Raka Paduka Sang Aji,
Prabu Tasangsulngalam.

34. Angingoni turun Puserbumi,
malah salin sarengate pisan,
panutup Nabi turune,
inggih ingon saking Rum,
kang amanjing ing Mekah benjing,
ing Rum dadi satunggal,
tembe ratunipun,
tan liyan kang darbe tedhak,
amung Kangjeng Raka Paduka Sang Aji,
lawan terah Paduka.

35. Gilir-gilir datan wonten malih,
sami rukun tharing raka Tuwan,

ingkang ngriyini Ratune,
Ngusman job tampinipun,
praptanipun turun Sang Dewi,
dadose sapangandhap,
ngratoni tanah Rum,
amiji ingon mring Mekah,
duk samana pinacak Kakim Waridin,
munggeng ing kitabira.

36. Yata wau Sang Raja Pinutri,
langkung sukurira ing Hyang Suksma,
binatin ing panyiptane,
mangkana lampahipun,
wus alami aneng ing margi,
prapteng bumi watesan,
nenggih tanah ing Rum,
kalawan bumi Lulkiyah,
sakiduling Lulkiyah mutadarawi,
lajeng bumi Kosarsah.

37. Ler Lulkiyah bumi Burudangin,
lajeng lampahe prapteng Paliyah,
ara-ara kali gedhe,
puniku bandar agung,
pabeyaning Raja Ardabil,
lampahan tigang dina,
lawan kithanipun,
kapanggih wong mondhok kathah,
pan akethen ajrih manjing ing nagari,
Lulkiyah duk kinepang.

38. Asrep ing tyas wadya ing Rum prapti,
dadya panggih lawan embanira,
Raja Pinutra kalihe,
ing Simik Raja Kaldum,
marek marang Sang Raja Putri,
Pukulun lereh wadya,
ingkang sami ngintun,

ing Kebar lan ing Yujana,
Kandhabumi ing Ngindi Dinawar sami,
ajrih manjing Lulkiyah.

39. Denya ngepang langkung binathithit,
duk miyarsa undhang Sang Lir Retna,
tata rakit prajurite,
wadya kang sami ngintun,
kinumpulken prajurit neki,
rembatan lan lomotan,
iya aja tanggung,
dadia siji ing wuntat,
prajurite bareng lawan anak mami,
suka sagunging bala.

40. Mungsuh arsa sun tingali wengi,
sun elonga mbalang api kathah,
wong Turki akeh mrecone,
sun obar pondhokipun,
Raja Kaldum matur wotsari,
angger peneding lampah,
punika Pukulun,
Panduka amundhutana,
punggawaning pra ratu kang manganjuri,
sinten ingkang pinatah.

41. Angandika Dewi Isnaningsih,
kaloreyan panganjur wong liyan,
iya momonganmu dhewe,
ingsun gawe panganjur,
amrih cekak sun mangawaki,
sagung kang para Nata,
saprajuritipun,
mangawata kering kanan,
nuli nempuh barenga kalawan mami,
gelar Isnakudpiat.

42. Mung rong pantha bae ngarep mburi,

si Kasrukum iku prange cidra,
amilarsa sun leb bae,
gugup patingkahipun,
aja kongsi sulape dadi,
kang sami amiyarsa,
suka manahipun,
Sang Retna mundhut punggawa,
roro bae kuda rongatus ja luwih,
anggawa layangingwang.

43. Katur marang kang mbok Parangakik,
lawan kakang mbok Putri Karsinah,
maring Kuparman jujuge,
surat tinampan sampun,
mesat ingkang caraka kalih,
wus tinembang tengara,
budhal Sang Retna Yu,
rakite sampun tinata,
gumaregut lampahe sagunging baris,
datan arsa kawuntat.

## XXXIII. KEMATIPUN PATIH BUWAWAS SAMPUN NGABAR

PANGKUR:

1. Ing marga tan winurcita,
   prapteng kitha Lulkiyah celak baris,
   Kakim Maridin Seh Tartus,
   alon ing aturira,
   kendelana sakawan kang baris agung,
   kawula amatak mantra,
   inggih panulaking sikir.

2. Punika tabuh sawelas,
   mangke yen wus pukul rolas mrepeki,
   yata kendel Sang Dyah Ayu,
   lan prajurit sadaya,
   angantosi mantrane Ki Dhatuk Tartus,
   angadeg neng luhur kuda,
   keplok sarwi cerik-cerik.

3. Ngawe-awe wuri ngarsa,
   ngiwa nengen sarwi mencok maringis,
   ngurik-urik amacucu,
   ngujiwat kipat-kipat,
   tan antara ana swara gumaludhug,
   geter pater sasauran,
   tinarima Kim Waridin.

4. Denya masang kaluwihan,
   sigra matur marang Sang Raja Putri,
   ature Seh Kakim Tartus,
   suwasi Putra Tuwan,
   angsahena lan sagung prajuritipun,

mangke yen celak barisnya,
tengara dipun atitir.

5. Sigra mangsah Raja Putra,
Raja Kaldum ing Simik ngirid baris,
tengara surak gumuruh,
wong Turki mangke ngarsa,
angangsahken sagunging prajuritipun,
gumrudug lir udan lintang,
anempuh pakuwon nagri.

6. Geger agni geger surak,
ambaranang dahana nggigirisi,
lor kidul akabul-kabul,
busekan awurahan,
samya nempuh prajurite kang penganjur,
riwut amarwaseng mengsah,
kang kaparek lunas tapis.

7. Gumerah uleng-ulengan,
kang durung wruh amung angrasa geni,
nora wruh mungsuhe rawuh,
anumpes amarwasa,
kaweratan lir wukir sakethi tunu,
wau sagung para Nata,
kasusu saos ing Gusti.

8. Pedhang duduk antuk papan,
kang kapelak ing geni den amuki,
pating bacecer gumuruh,
Bestak Nusirwan samya,
gurawalan angungsi pakuwonipun,
wadyanira rebut papan,
ngungsi Prabu Samasrawi.

9. Wus kuwur kawur kapelak,
ing dahana kumrubut angebyuki,
prapta prajurit angamuk,

gugup pating balesar,
sami ngungsi enggone Raja Kasrukum,
bala pawaka tan kendhat,
wadyeng Simik wadyeng Turki.

10. Busekan pakuwonira,
bilulungan baris Kosarsah wingwrin,
ngandika Raja Kasrukum,
apa kang dadi purwa,
adhuh-adhuh wonten bala kang umatur,
pan sarwi adeg-adegan,
neng ngarsaning para Aji.

11. Bala pangarsa turira,
wonten kuda sewu kang munggeng ngarsi,
punggawane amuwus,
iki pakuwon mengsah,
obongana tumpesen balane gupuh
ratune cidra ing aprang,
Gusti Rajeng Burudangin.

12. Prang cinidreng saking wiyat,
mila kanin wentise Gusti mami,
walesen cidraning mungsuh,
si kemat brakasakan,
ratu mesum si cidra pijer jalebud,
nyarungus cidra ing aprang,
wong Kosarsah Samasrawi.

13. Nunten malih wonten prapta,
sangsaya gung akethen ingkang prapti,
datan liya muwusipun,
si cidra walesana,
obongana singa-singa ingkang ndulu,
rampeden aja angetang,
lanang wadon gedhe cilik.

14. Anjetung Raja Kosarsah,

langkung ngungun Prabu Mutadarawi,
ngandika Raja Kasrukum,
Patih Buwawas enggal,
upas pumpa angsahena mungsuh iku,
pepedhepaksa waluya,
mangsa nggagapa basuki.

15. Saksana Patih Buwawas,
matak mantra wali-wali tan dadi,
ajungkel njengking markungkung,
pumpa tan ana prapta,
suwe-suwe lingira Prabu Kasrukum,
Patih Buwawas sulapnya,
wus dangu tan wonten prapti.

16. Pyak-pyuk ari-ari kathah,
rah mbalabar munggeng ngarsaning Patih,
usus masih warni usus,
ndhedhet neng ngarsanira,
usus tumpuk ari-ari pirang atus,
ngalumpruk tan ana obah,
kaku tyasira Narpati.

17. Kendel satepining wana,
ndhedhet balanira sami ningali,
ing dahana lawan mungsuh,
wau bala jro kitha,
sami narka yen mungsuh arsa anggepuk,
lan pangabaran dahana,
dadya pajeg denya baris.

18. Sagung para Raja Putra,
prajurite sanega ngati-ati,
nulya na duta tumanduk,
Raden Adanbanijan,
embanira Arismunandar ingutus,
atur uninga kang eyang,
Sang Prabu ing burudangin.

19. Tembungipun sampun gita,
ingkang prapta prajurit Burudangin,
angiringken Sang Dyah Ayu,
Sang Putri kalih pisan,
sami mbekta ingkang putra kalihipun,
Rahaden Arismunandar,
lan Raden Asimkatamsi.

20. Sang Prabu Tasangsulngalam,
maradinken warta baris kang prapti,
